Kupindirwa Nemhandu Kwe United States

. . .kuda kwaShe kuti zvimwe zvinhu zviitike pane dzimwe nguva. Takaenda kuDenver, munguva pfupi yapfuura, uye ndokudzoka. Ndinotenda kuti ndinoda kuzivisa, musangano: Wakave mumwe wemisangano yakanakisa yandati ndambova nayo mumakore. Takava nenguva inoshamisa. Vanhu vanoti darikei zvishoma zviuru zviviri vakapa moyo yavo kuna Kristu, tisingaverengere avo vakagamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, tisingaverengere zviratidzo nezvishamiso zvikuru zvakaitwa naIshe wedu Jesu anodikanwa pakati pevanhu muDenver. Takava nekudururwa kunoshamisa, uye nekuuya pamwe chete kwevanhu kukuru. Takatanga nevangangoita zviuru zvishanu, pakutanga kwacho. Uye taiva neMammoth Gardens. Uye pahusiku hwechitatu, pakanga pasisina kana pekuti vanhu vamire panzvimbo iyi. Takava nenguva yakanakisa kwazvo, yehusiku hushanu.

2 Takabvapo, kuti tiende kuCanada, mukomana neni. Zvino takakwira mumakomo, kukauya dutu rechando. Ndinofunga makanzwa nezvaro, paredhiyo yenyu. Uye vamwe vanhu zana nemakumi masere nevasere vakafiramo. Uye takanga takavharirwa nechando chinodonha kwe—kwe—kwemazuva akati kuti, kumusoro ikoko mumakomo. Uye musangano wedu wakapfuura, uye takabva, tangodzoka kumba zvino, tisati tasimuka zvakare. Saka tinotenda zvese izvozvo zvakave pamwe kuitira kuda kwaMwari, kuti uchava mu—musangano uri nani, uye nezvimwewo. Vaiva nechimwe chavaive vakatigadzirira chatisingazive.

3 Tinoita setinofamba munyika ine rima, asi kwete murima. Tinongotevera, panoenda Chiedza, zvino tinotevera Chiedza.

4 Uye Baba vedu Vekudenga pamwe vanga vaine chimwe chinhu chatisingazive nezvacho. Panogona kunge paiva neimwe njodzi yanga iri kumusoro ikoko. Kana kuti, zvakare, Vanogona kunge vari kushanda pane mumwe munhu kuti aunze. Munoona, Mwari vanogona kungoshanda pamunhu mumwe chete saizvozvo; Vakashandura nyika yese nekuda kwemunhu mumwe chete iyeye, kuti vavaunze mukati. Uye saka tinoziva kuti zvese zvaive zvekubwinya kwaMwari kwakanaka. Zvakare tinoVatenda nekuda kwazvo, uye nekutidzivirira. Uyezve kwaive nevakawanda, isu. . .

5 Billy neni takabatsira kuvatora, munzira nezvimwe zvakadaro, vanhu vakanga vatswanywa-tswanywa uye nezvose.

Asi takabudamo tisina kana dambudziko. Takambobuda mumugwagwa kamwe chete, asi zvakangove zvechinguvana. Zvino mumwe murume kumusoro ikoko, pane rimwe purazi remombe akauya ndokutibuditsa netirakita. Kwaingova kungotsvedza; kwaitsvedza zvakanyanya.

6 Uye ndechimwe chezvinhu zvavakange vasina kumbova nazvo kwe . . . havana kukwanisa, vakuru veko havana kukwanisa kurangarira pavakambova nedutu rakadaro, munyika iyoyo, panguva iyoyo yegore, kuRoundup, Montana. Uye takanga tichi . . . Tinoziva kuti chero chinhu chemutowo wakakura kudaro, Ishe vedu vakanga vaine ruoko rwaVo imomo pane imwe nzvimbo. Zvakanga zvine chimwe chinangwa, cha—chakatinakira isu. Chakatinakira isu, ndizvo zvazvaive.

7 Saka ndakafonera Hama Neville, mushure mekunge ndadzoka, ndikati, "Ndichange ndiri kumba musi weSvondo. Uye—uye kana muchindida kuti ini, ndiuye zasi ikoko pamwe ndova neSunday school, handiti, zvakanaka." Ini ndikati, "Ipapo ndicha . . . uye ndichafara zvikuru kusvikako."

8 Vakati, "Haiwa, ndizvozvo, Hama Bill." Vakati, "Isu tinogara tichifara kuti imi muuye," nemoyo mukuru kwazvo wakazaruka uye une kugamuchirwa, saizvozvo. Ndokuiisa pachirongwa chavo chepanhepfenyuro, nezuro. Saka tinotenda nekuda kwezvinhu zvese izvi.

9 Uye mangwanani ano, zvino, zvariri Zuva raAmai. Vanhu vazhinji, muchanzwa mharidzo dzeZuva raAmai kwese-kwese, uye vanhu vachitaura nezvaamai, zvandinofunga kuti zvakanakisa. Ndichazvisiira kushumiro yese yasara.

10 Mangwanani ano ndanga ndazivisa, kuti, chi—chidzidzo che*Kupindirwa Nemhandu Kwe United States,* chandanga ndichida kuzotaura nezvacho. Icho, imi mungangodaro manzwa munhepfenyuro yenyu, uye muchanzwa zvizhinji zvazvo nhasi. Uye pachava nemharidzo yeZuva raAmai, zvichida, manheru ano mushumiro. Saka zvino ndafunga, mangwanani ano, ndingazivise, "ku—kupindirwa nemhandu."

11 Ndakataura pamusoro payo kuDenver, kuno, kwete chaizvo nemasvikiro andiri kuda kuita kwairi mangwanani ano, kana Mwari vachida. Uye, iyo, takava nenguva yakanaka kwazvo nayo. Ishe vakangoropafadza nenzira inoshamisa kwazvo. Zvinoita dzimwe nguva sekutipa . . .

12 Unofanirwa kumbozunguzwa zvishoma, kuti ucherechedze kuti nyaya yacho ndeyei, hatidaro here, dzimwe nguva? Uye tinonamata kuti Mwari vagozviita.

13 Uye, zvakare, kumusoro uko, patakapedza . . . VanaMuzvinaBhizimu vekuDenver ndivo vakatsigira musangano uyu nemari, uye yanga iri tsigiro yakanoti siyanei neyandakambova nayo kumashure.

14 Uye kazhinji, vashumiri, kana vakatsigira musangano nemari, munozoti . . . "Mazvizivisa here?" "Hongu, kuchechi." Ndiyo nyaya yacho chete. Vafudzi ivavo; vanoda kuti boka ravanofudza rizvizive. Ringori shoko rakanaka chete. Ndiro basa ravo.

15 Asi vanaMuzvina Bhizimu vanga vakati siyanei zvishoma. Vaitoda kuti pasi rose rizive nezvazvo, saka vakangoburitsa zviuru zvitatu kana zvina zvemadhora zvekushambadzira padzimotokari dzese dzemumugwagwa, matekisi, pamabhamba ese emota, uye nekwese-kwese. Takava nenguva yakanakisa kwazvo.

16 Mushure mekunge shumiro yapera, vakandidaidza parutivi, vakati, "Hama Branham, chii chatingakuitirei zvino? Tine mungava wei kwamuri?"

17 Ndikati, "Manje, chaizvoizvo, hapana." Ndikati, "Hamuna mungava neni." Ndikati, "Imi, chibhadharai chikwereti changu chehotera, zasi kuno, kana muchida henyu."

18 "Oo, tiri kuda kukuitirai chimwe chinhu." Uye vakaramba . . . Hapana chandaizotora kubva kwavari.

19 Saka maneja wavo akavadana. Akati, "Ndinotenda kuti vanofarira kuvhima nekuraura hove, handizvo here?"

Akati, "Hongu."

20 Saka mumwe wana muzvinabhizimu anga ane purazi guru kumusoro ikoko, ndokuti, "Ndichangovaitira chipo ichocho."

21 Saka, VaMoore vakaenda kunoriona. Vakatozodzokera kwemamaira angaita makumi matatu nemashanu, vakatasva bhiza. Ndakati . . . VaMoore vakati, "Ndinoda kuona Hanzvadzi Branham vakagara pabhiza, vachidzokera kwariri." Saka iye, ivo, zvino . . .

22 Asi, mushure mezvo, zvisinei, vakaenda ikoko panzvimbo ine mumwe musha kuSilver Plume, Colorado. Iyi inofanira kunge iri kudivi rino zvino. Uye vakatenga purazi duku ikoko, uye vari kundigadzirira imba ine makamuri mashanu ikoko kuti ini ndigo . . . kuSilver Plume, Colorado, iri pakati chaipo pemakomo. Saka, imi vabati vehove, ndinofunga kuti inguva yakanaka, saka ichava nzvimbo yakanaka yekuzororera, uye kana tapedza misangano nezvimwe, kana Mwari vachitendera. Zviri kwaVari, munoona.

23 Ndinoshuvira zvino kudhonzera pfungwa dzedu kuShoko. Uye ndinongoda Shoko, Shoko rinorarama raMwari. Ndizvo, mukati meShoko mune Hupenyu. Zvino, "Shoko, tsamba, inouraya, asi Mweya unopa Hupenyu." Uye Hupenyu huri muShoko, nekuti iShoko raMwari. Hupenyu hunogara muShoko raHwo.

Sekuti ndikakuudza kuti, "Ndinokupa . . . "

24 Ukati, “Ndine nzara, mangwanani ano, Hama Branham. Mungandipewo here madhora mashanu?”

25 Ndinoti, “Ndichakupa.” Zvino, mune hupenyu hwakawanda mazviri sehungori muvimbiso yangu.

26 Ndizvo zvakafananawo naMwari. Kana Mwari vakavimbisa chero chinhu, zvino zviri Mwari, raVo . . . Vanofanira kunge vari muShoko raVo. Maona? Shoko iri rinokosha zvisina . . . Shoko iri rakangofanana naMwari. NdiMwari.

27 Shoko rako ringori zvauri. Ndiro chisungo chako; taimbozvidaidza kudaro. Chisungo chako ishoko rako. Kana tisingakwanise kutora shoko rako, saka ini handikwanise kuve nechivimbo. Asi kana ndikagona kutora shoko rako pane chero chinhu, saka munhu anoremekedzeka.

28 Uye Bhaibheri rakati, “Pakutanga Shoko rakanga riripo, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari.” Maona? Maona? “Zvino Shoko rakaitwa nyama, rikagara pakati pedu.”

29 Kana tikangofunga, ino, nyika ino chaiyo yatiri kurarama pairi, mangwanani ano, iShoko raMwari. Muti *uyo* iShoko raMwari. Uye iwe, mutumbi wako, iShoko raMwari. Mwari vakautaura kuti uvepo saizvozvo, vakaugadzira kubva pasina chinhu; pakanga pasina chinhu.

30 Makambocherechedza here hupenyu hwemunhu, kwahwakabva? Chizenga chimwe chete chidiki, chidiki zvekuti ziso remunhu haringakwanisa kuchiona; kunze bedzi kuburikidza negirazi guru, rine simba. Uye kubva imomo makabuda murume anorema mapaundi zana nemakumi mashanu, kana mazana maviri. Zvakabva kupi? Maona? Mwari vakangozvitaura, uye zvikatongotanga, nemasikirwo, zvichikura, uye ipapo zvakangoburitsa chaizvoizvo. Vakataura muti wese, zvose hazvo, kuti zvivepo. Uye chinhu chinoshamisa, zvinoshamisa, mangwanani ano, kutarisa Shoko raMwari.

31 Zvino, iri, mangwanani ano, muTestamende Yekare, tichivhura kuna Makoronike. Ndanga ndingori nekakunetseka . . . Apo muri kuvhura henyu iko zvino kuna Makoronike, chitsauko 18. Kakungoneta zvishoma. Asi kana Ishe vachida . . .

32 Handina chokwadi; tichaziva zvizhinji Chitatu manheru. Kana Ishe vachida, uye nechechi ichinzwa kutungamirirwa nenzira iyoyo, ndingada kuva neChitatu, China, Chishanu, Mugovera, neSvondo, serumutsiriro pano, rwungori rumutsiriro rwekudzidzisa kubva muShoko. [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti] Chitatu, China, Chishanu, Mugovera, neSvondo, tichingodzidzisa paShoko; kwete shumiro dzekunamatira vanorwara, asi kudzidzisa. Pamwe Ishe vachatitungamirira nenzira iyoyo. Uye zvino isu . . . Ndinongoda kuva nemi uye

nokuva nekuyanana paShoko, pamwe nemi. Ndinokutendai, zvikuru, nekuda kwe "ameni" iyoyo yakanaka, inoshamisa.

33 Zvino, muchitsauko 18 cheMakoronike, uye kutanga nendima 12, tinoda kuisa hwaro hwepfungwa dzedu, kwekachinguva kadiki pachidzidzo ichi chinokosha chezuva rino. Ekutanga Makoronik-. . . Kana kuti, Makoronike Echipiri, ndine urombo. Makoronike eChipiri 18:12, uye tichaverenga chikamu chayo ipapo, uye toona kuti chii icho Ishe vedu vachatiita kuti tizive.

> *Zvino nhume yakanga yandodana Mikaya yakataura kwaari, ikati, Tarirai, mashoko avaporofita anobvumirana achitaura zvakanaka kuna mambo; zvino ndinokumbira* naizvozvo, *kuti shoko renyu, rive seshoko romumwe wavo, mutaurewo zvakanaka.*
>
> *Ipapo Mikaya akati, NaJehovha mupenyu, izvo zvinorehwa naMwari wangu, ndizvo zvandichataura.*
>
> *Zvino akati achisvika kuna mambo, mambo akati kwaari, Mikaya,* tingakwidza *kundorwa* ku*Ramoti Giriyadhi here, kana* kuti ti*rege*? *Iye akati, Kwirai*ko, *muchakunda, zvino* va*chaiswa mumaoko enyu.*

34 Zvino, kuisa hwaro yepfungwa yedu kwechinguvana; shoko rimwe chete kwaVari zvakare, panyaya iyi.

35 Baba vedu vari Kudenga, nemoyo ine kutenda tinouya kwaMuri iko zvino, nekuda kwemweya yakarasika, nekuda kweavo vanoshayiwa, nekuda kwechechi. Kuti, dai Mweya Mutsvene wapinda muShoko nekukurumidza zvino, tinonamata. Ritorei Rigonanga kumoyo wese uri pano une chauri kuda. Uye paAnosvitsa Mharidzo yaKe yesimba reShoko mumoyo, dai tose tabudirira naYo, mangwanani ano; vagoenda, vachibva patabhenakeri, vachifara nekurumbidza Mwari, vachiti, "Moyo yedu iri kutsva mukati medu, nekuda kweHupo hwaKe." Nekuti tinozvikumbira muZita raKe. Ameni.

36 Chiitiko chedu chinobva, mangwanani ano, pane tsekwende. Uye Testamende Yekare, kwandiri, inogara iri mumvuri kana kuti—kana kuti kufanoratidzwa kweTestamende Itsva. Nguva zhinji, mumwe munhu akati, "Hama Branham, sei muchigara muchingotora Testamende Yekare? Potse nguva dzese, pamunotora gwaro, munodzokera kuTestamende Yekare." Ndinozviita nekuti ndinofarira zvekufananidza. Ndinofarira . . .

37 Dzidzo yangu ishoma kwazvo, sekuziva kwamunoita mese. Uye nzira yega yandinoziva nayo yekuve ndiri nepedyo chaipo nechokwadi, kuona kuti patani yacho yaiva yakaita sei, kutarisa kubva papurani yacho uye nekuona kuti yaiva yakaita sei. Zvino ndinobva ndaziva kuti *icho* zvachaiva chiri zvichava zvakafanana nezviri *ichi* chiri pano, nekuti chingori mumvuri

wacho. Uye ndinogara ndichitarisa kumashure muTestamende Yakare kuti ndione zvaiitwa nevana veIsraeri, nokuona kuti murango wechivi waiva wakaita sei, ndoona kuti kururamisira kwevaporofita kwaiva kwakaita sei, ndoona kuti zvinhu zvose izvi zvaimbovei; uye ipapo ini ndichava nepfungwa yekuziva kuti *ichi* chiri pano chii, icho chakafanofananidzira izvo zvichava zviri mukupedziswa kwezvese kumagumo.

38 Munguva iyi, pakanga pane chinhu chikuru chakaitika kuIsraeri. Yaive murima repakati pehusiku hwayo.

39 MuTestamende Yakare, kana Ishe vachida, pamwe mushumiro dziri kuuya, ndingada kuratidza kuti maZera Manomwe eChechi akafananidzirwa sei muTestamende Yekare. Kuti vakatanga sei chaizvoizvo sepa—pakutanga kweMazera eChechi echechi yeMarudzi, ndokuenda vachinyatsodzika nemuzera rerima rakangofanana, uye ndokuzobuda vari munguva yakabwinyiswa yePentekosti, pakuwa kweMweya Mutsvene muchechi yekutanga ye... mumwaka wemaJudha. Zvino ndokupfuura nemune imwe nguva yechechi yeMarudzi, kupfuura nemuzera rerima, nokuzobuda zvakare muMireniyamu, kumagumo.

40 Zvino, kuti kumashure mumazana emakore epakati ipapo, mambo mukuru uyu Ahabhu akapinda pakutonga. Uye aive achiita seakatasva pamukurumbira wemamwe madzimambo eIsraeri, izvo zvaiva...Ahabhu, pachake, akanga akaita se—semutendi wepakati-nepakati. Ini ndagara ndichirevera kwaari nenzira iyoyo, nekuti aiva nechikamu chenguva chaaive ari kudivi *rino* refenzi, nechikamu chenguva ari kune divi *iro* refenzi.

41 Haungamboziva pekumira, munhu asina kudzikama zvakadaro. Kana kuti, munhu anozviti Mukristu, asi asina kudzikama zvakadaro, hauzive zvekuita pamusoro pemunhu iyeye. Nhasi Mukristu; mangwana hauzive kuti ari papi chaipo. Ari Muchechi nhasi, ari kufara nekuimba nekurumbidza Mwari; asi mangwana, ari kunze uko achinwa, achiraradza, achingombererereka. Manje munhu wenhando iyoyo anonetsa kuita chero chinhu naye.

42 Ndinorangarira, ndichiri mukomana, imwe nguva takambova nebhi—bhiza rekare, rekuti raisigara richisvetuka mafenzi nguva dzese. Uye ndinofunga kuti vazhinji venyu imi varume, vari pazera rangu, mungaziva kare mumazuva ebhiza, mazuva engoro. Ndakauya kakawanda, ndichinyatsodzika nemugwagwa uyu pano, ndichityaira bhiza nengoro, ini pachangu. Ndine makore makumi mana nemashanu. Saka, ivo...Ndinorangarira, bhiza iri rekare, taiisa joko pamutsipa waro, sezvaungaita pamombe, kuriita kuti risasvetuke fenzi. Asi raingosvetuka, zvakadaro. Uye rairembedza joko iroro robva

rarimonyorora, nezvimwe zvakadaro. Raisvetuka fence. Uye rimwe zuva, zvarakaita . . .

43 Ndakashaya kuti chii chaikwezva muchinda wekare uyu. Saka paiva nezigomba guru rakadhirikira zasi ikoko. Zvino, ranga rakamira mubundo realfalfa, oo, yakareba, asi raida . . . Maiva nemashizha ehuswa hweorchard mugomba rakadhirikira iri. Zvino rakasvetuka fenzi iyi ndokupinda mugomba riya maiva nemaziwaya nemagirazi zvese izvo, apo mataiva . . . matairasira marara edu—edu, ndokupindamo kuti rizadze muromo kashoma hako nehuswa hweorchard uhwu. Uye takatozotora mamwe mabhiza kuti tiridhonze kuti ribude mugomba iroro. Parakapindamo, rakabva rangorembera. Zvino parakamira kunze uko, rakanga richibvunda uye richijuja ropa, uye—uye zvaraive, kuti ringozadza muromo kamwe, kana kaviri, neuswa ihwohwo hweorchard, iro apa ranga rakamira mualfalfa, yaitoda kusvika mumabvi aro.

44 Ndinowanzofunga nezvemufananidzo iwoyo. “Nzira yemutadzi yakaoma.” Haana kungokwanisa kuramba akamira paainge achidya uye aine nguva inofadza, asi iro . . . rakatozosvetuka fenzi ndokuenda kunoiswa mavanga ese aya uye nekuchekwa-chekwa zvakadaro, kuti riwane kuzadza muromo chete ne—nehuswa hwerumwe rudzi rwakasiyana. Zvino, zvakangoda kuva semaitiro anoita vanhu, vanosvetuka fenzi yemafuro aMwari. Hamutendi kudaro here? Anobuda, obuda kunze nhasi; odzoka. Ari muchechi, aine nguva inoshamisa; zvino, mangwana, wozvitengesa kune chimwe chinhu chakadaro. Zvinoita kuti zviome kwazvo.

45 Ahabhu akanga ari munhu akarerekera kumhando yakadaro. Kwese kwaivhuvhutira mhepo, Ahabhu akanga akagadzirira kupepereka nayo, kana yaive iri kudivi *iri* kana kudivi *iro*. Kuroora kwake wakamuisa mumatakanana, nekamukadzi kaive kamukunda kamambo, mwanasikana wamambo, Jezebheri. Aiva tsvarakadenga pakutaridzika, mukadzi ane runako chaizvo, asi mumoyo make aive akashata kwazvo. Zvino akanga ari munamati wezvimupunzo, uye akakonzeresa Israeri yose . . .

46 Zvino, ndingade sei kumbogara ipapo kwemaminitsi mashoma, tingati, mukupinda mumwongo weizvi pane humai, munoona, ipapo. Zvino kana murume atanga zvekuroora; mhando yemusikana, mukadzi waano . . . Zvinopfuurira kungotarisa runako. Unofanira kuwana mumwe munhu, zvese mweya nemuviri zvakabatanidzwa pamwe chete; mumwe munhu ari chaizvoizvo kuzova shamwari nemubiyako, anobatirira pauri mukunaka nemukuipa.

47 Zvino, asi, Ahabhu, akangotorwa moyo naye nekuti aive nerunako, ndinofunga, ndokuroora. Hapaiva nechimwe chinhuzve paari, nechikonzero, chehuipi hwaaiva nahwo.

Zvino mukadzi akauya ikoko. Uye zvadaro, chaizvowo, akaputirwa naye saizvozvo, uye achimuda, manje, akakonzera kuti Israeri yose itadze uye kuti iite zvinopesana naMwari, pamwe nekuputsira pasi aritari dzaMwari; ndokuvaka aritari dzaBhaari. Uye vakava nekunamata Bhaari muIsraeri yose, panguva iyoyo.

48 Zvino, mudzimai wake akanga aita kuti Nabhoti akarurama . . . Vazhinji venyu makaverenga nezvake. Kuti akatora sei bindu rake, nehunyengeri; akapika, nhema, uye akava nezvapupu zvenhema pamusoro pake. Nekuti, aida kuitira murume wake chimwe chinhu; uye akauraya munhu akarurama, kuti awane bindu raive rakabatana nepedyo nenzvimbo yemuzinda.

49 Zvese izvi, Mwari vakanga vakatarisa pasi. Saka muporofita, Eria, akanga ari muranda mukuru, ane simba waJehovha, akaporofita uye akaudza Jezebheri zvaizoitika kwaari. Uye akaudza Ahabhu kuti imbwa dzaizonanzva ropa rake iye. Zvino, kana Mwari vataura chero chinhu . . . Chaizvo hazvo, mazuva iwayo, Shoko raShe rakananga richiuya kubudikidza nemuprofita.

50 "Mwari, munguva dzekare nenzira dzakasiyana-siyana vakataura kumadzibaba kubudikidza nevaporofita, muzuva rino rekupedzisira kubudikidza neMwanakomana waVo, Kristu Jesu."

51 Saka, *iRi* iShoko. Uye kana chimwe chinhu chichipesana na*Ro*, chisiye chakadaro. Maona? Zvino, chepiri, Vanotaura nhasi kubudikidza nemuporofita, muoni, nezvimwe zvakadaro. Asi kutanga nde*iRi*, Shoko. Zvino . . .

52 Uye Ahabhu akanga aita chakashata ichi. Uye iye ndokuenderera mberi; Mwari vachiropafadza havo vanhu kwemakore akawanda. Zvino, pakupedzesera, Jehoshafati akava mambo weJudha, apo Ahabhu ari mambo weIsraeri.

53 Uye, zvakare, Jehoshafati akanga ari munhu akarurama. Akanga ari mwanakomana waAsa. Asa aiva mu—munhu akarurama, akaputsira pasi aritari dzose dze—dzezvimupunzo; ndokuvaka aritari dzaJehovha. Uye ivo vaine ru—rumutsiriro, tingati, kumusoro uko muJudha.

54 Zvino mushure mechinguva, Jehoshafati, kana kuti Ahabhu waro, akatumira, uye ndokuwana chimwe chikamu chenyika, muSiria, chaakafunga kuti ndechake, chaakafunga kuti aizoenda onochitora. Saka akakumbira Jehoshafati uyu kuti angauyawo here kuzoita mubatanidzwa pamwe naye.

55 Uye, chaizvo, pava nenjodzi huru zvino, munoona, pavakaona mambo mukuru uyu, Ahabhu, zasi ikoko, uye vakaona mukuru uyu kumusoro uko, Jehoshafati; mumwe wavo, ari wepakati-nepakati; mumwe wacho, ari murume

akazadzwa neMweya. Tarisa kuti unoita sei mubatanidzwa wako. Tarisa zvauri kuita, kuti unozvisungirira sei pajoko rimwe chete nevasingatende. Zvichengetedze wakachena, kunyanya sei muzuva iri ratiri kurarama.

56 Ndinotenda, chechi, pasina kana mumvuri wekupokana, izvi zvanga zvichibvira pamoyo wangu. Ndicho chikonzero ndiri kutarisira husiku hushanu uhwu, munguva pfupi; kuti zvakare, zvisati zvaitika, kupa chechi ino kunyatsonzvera, nemuBhaibheri.

57 Isu tiri kurarama mumimvuri yenguva. Zvinogona kuitika chero nguva ipi zvayo. Kana tichiona nguva dzasvika dzekuti zvinhu zviitike; huipi chaihwo hwemuvengi, masimba acho chaiwo. Tinotarisa kune aya madutu echando nezvose zviri kuitika, ose matenda aya, zvinhu zvose zvakasiyana. Zvose zvinokonzerwa nekuvhiringa uku, kwekukanda mabhomba aya nezvinhu. Vari kunyonganisa zvinhu zvese pano. Uye vari kutambira-tambira murabhoritari huru yaMwari, kuti vazadzise Shoko raVo. Zviri kuzoitika.

58 Saka, "munhu wechivi" ari kusimuka, musimba, zvine hunyengeri kwazvo. Ini zvangu. Ndanzwa mumwe mushumiri mangwanani ano, murume akazadzwa neMweya, achitora mucherechedzo wechikara uye achiti antikristu iRussia. Kukanganisa kwakadini. Uh-huh. Russia haina kana chekuita nazvo. Kwete, changamire. Ndizvo zviri muMagwaro. Zvino, asi cherechedzai munguva ino huru yatiri kurarama, iyambiro.

59 Zvino, Jehoshafati uyu, achinzwa sekufara nekuti mambo mukuru weIsraeri akati, "Huya, undishanyire." Zvino akaenda zasi ikoko. Uye vakatora nzombe nemakwai, nezvimwe zvakadaro, vakapirisa. Nguva yese iyi, mumoyo waAhabhu zasi uko, aitova hake munyengeri, nekuti akanga asiri kunamata izvozvo . . . kana kuti kupirisa makwai iwayo nezvinhu nemoyo wechokwadi, nekuti, mushure mezvose, aizotsamira zvikuru kuchinamato chemudzimai wake.

60 Zvino cherechedzai, sezvakangoita Ahabhu akaroora Jezebheri munguva yezera riya guru rerima reIsraeri, akaunza kunamata zvimupunzo muIsraeri, mufananidzo chaiwo wanhasi. Muzera rerima chaimo; patakabuda nemuvaapostora vekutanga, boka rechipiri, boka rechitatu, ndokupinda muzera rerima, makore mazana gumi nemashanu. Sezvakangoita Ahabhu akaroora Jezebheri akaunza kunamata zvimupunzo muIsraeri, saizvozvowo chechi yeMweya Mutsvene yakazviroodza muzvitendwa zvevanhu, ndokudzosa kunamata zvimupunzo, zvino nhasi ndechimwewo chimiro cheChikristu. Maona? Onai, kungori nerima guru. Uye zvino rafamba richidzika, zuva rega-rega; zera rechechi rega-rega rinodzika kuenda kuchinhu chimwe chete ichocho, kusvika panhongonya

huru, kumamiriro ekudziya anouya, Zera reChechi yeRaodhikia rinodziya. Oo, inguva yakaipa sei yatiri kurarama mairi.

61 Teererai. Ndinoda kupupura ipo pano, ndisati ndaenda mberi. Ndiri muparidzi wechinyakare ari kushuvira kuona mazuva ekare zvakare. Ndakaona zvakawanda zvekutevedzera uku, Hollywood ichikwenenzvera Vhangeri, kusvikira ini ndafinhikana pamwe nokuneta nazvo. Hongu, changamire. Ndinoda kuona zvechinyakare. Ndinotyira kuti tiri kuita kuti Chikristu chive chakanyanyisa kukwenenzverwa kuvanhu; ndipo pane njodzi.

62 Zvino, Jehoshafati anoburukirako, achifunga, "Oo, zvakanaka, mambo mukuru weIsraeri uyu, ndichango . . . Oo, ticha . . . Zvichange zvakanaka." Uye pakati pekwese kuyevedza kukuru uku, chii chaakaita? Akaita mubatanidzwa, kuti akwire kunorwa nemuvengi, pane zvavakawirirana, nekuti vakati, "Tese tiri vanhu vamwe chete." Asi vakanga vasiri. Rimwe raive boka rakazadzwa neMweya, rimwe raive boka rinodziya. Havasi vanhu vamwe chete. Kwete, changamire. Iwe haugone kuva . . .

63 Rima harigone kuva nekuyanana nechiedza. Hu—husiku haugone kuvapo muhuvepo hwechiedza chezuva. Uye nguva inonyengera zvikurusa iripo, iri pakati penguva idzi. Paya zuva rava kunovira kana kuti richibuda, ndiyo nguva inonyengera zvikurusa iripo. Hapana maonero akakwana ekuona zvakajeka; zviyedza zvako pamotokari yako hazviratidze zvakanaka uye zvakajeka. Zviri nani kuti kuve nerima kana kuti chiedza. Jesu akati, "Iva hako unopisa kana kutonhora, kwete kudziya." Zvokuti, ndipo pacho pane njodzi.

64 Zvino Jehoshafati, paakadzikako, zvino ipapo mubatanidzwa mukuru uyu ndokubva waitwa, unova usina kufadza Mwari. Uye cherechedzai, munguva chaiyo yake, yekufarisa kwese zvino, "Ndawanirwa nyasha namambo uyu. Uye, oo, nda—nda—ndava nekuwadzana nemuvakidzani uyu. Ndine . . . "

65 Munoona, chenjerai, chechi, iyoyo. Maona? Ndizvo zvinokonzeresa dambudziko rose patabhenakeri ino pano, uye nekune dzimwe. Maona? Ngwarirai pane zvamuri kuzvisanganisa nazvo. Maona? Nyatsobudai pachena, uye mova waKristu kana kuti mopesana naYe. Maona?

66 Zvino, muchinda uyu akaita mubatanidzwa, uye akafunga kuti akanga aita chimwe chinhu chikuru. Zvisinei, paakati, "Hapanawo here zvino, tisati takwirako, tinofanira kubvunza Ishe pamusoro penyaya iyi?" Zvino, Jehoshafati akanga ane chinamato chakakwana chakasara maari, mukukanganisa kwake, kwekuti akanga aendako hake zasi uko kuna mambo uyu, asi aiva nechinamato chakakwana chakasara maari chekuti afunge, "Saka, tinongofanirwawo hedu kuti tingobvunza Ishe."

67 Zvino, Ahabhu akanga ari kutozongobuda asina kana shoko raataura; ingori nzira yake chete yehurongwa, yezvinobatika, yemunhu yekuita nayo zvinhu.

68 Handingozivewo ipo pano, chechi, kana zvisina kuitika, kakawanda, takakanganisa. Tikafunga nezvazvo, ndokuti, "Zvakanaka, zvinofanira kunge zviri nenzira *iyi*," uye tikatobva tazviita saizvozvo.

69 Ndinofunga kuti ndiko kwakawandira kuvhangera kwemuAmerica nhasi, kuti takakuisa mune muchimiro che—che, ndingati, kuvhangera kweHollywood, kwakangozara nezvinoyevedza zvakawanda. Tinocherechedza kuti muvhangeri anouya papuratifomu, nhasi, uye, ini zvangu, achizvitutumadza, uye otaura nyambo dzakawanda asati atanga kuparidza, nezvimwe zvakadaro, oenderera mberi nekuita semunhu anoita zvokusetsa, ari papurupiti. Kana yasvika nguva yekudaidza vanhu kuaritari, vanhu havatomboona kuperera kwacho kwavanodanira kuaritari nako. Ndizvozvo chaizvo. Ndicho chikonzero nyika yapinda muchinhano chokudziya nhasi, icho chairi machiri.

70 Handizivewo, nhasi. Zvingori, nhasi, ini . . . Chechi, takaedza kuendesa vakomana vedu kuchikoro, kuti vadzidze zvekushandisa pfungwa, nezvimwe zvakadaro, kuziva nzira yekunyatsotaura nayo chirongwa, mapindiro papurupiti uye nekuronga edu . . . Mharidzo yacho inokwezva kwazvo, zvekuti inobata vanhu, uye yobata pfungwa dzavo. Uye vazhinji venyanzvi huru dzekushandisa pfungwa vanobuda kunze sevadzidzisi saizvozvo, voita zvemutambo nekuisa zvimwewo zvakawanda. Uye ndinombofungawo hangu, pavano . . . kuti . . . Tinogara tichitaura nezverunako nekukwezva kwechechi. Asi isu tinokundikana kuvaudza kuti, "Uyo anoNditevera, ngaazvirambe pachake, atakure muchinjikwa wake, aNditevere." Handizivewo kana zvisiri izvo kuti taita kuti runako rwechechi rwupfuurire mwero, kune munhu anouyamo.

71 Semuyenzaniso, chechi yeBaptisti nhasi ine sirogani yekuti, "Imwezve miriyoni zvakare muna '44," vachiwana nhengo zviuru zvakawanda, nemakumi ezviuru, zvisina kutendeuka, vangori vanhu vanongopinda nekujoinha chechi. Uye mungava kuChechi yaJesu Kristu, kutora nhengo dzakadaro. Vachiri kunwa. Vachiri kuputa. Vachiri kutamba njuga. Vachiri kunyepa.

72 Vanouya kuchechi, vachitarisira kuvaraidzwa neboka revavhangeri vekuHollywood vanokwira kumusoro, vanoita zvinoyevedza zvakawanda, uye nezviridzwa zvikuru zvakawanda zvakaiswa zvakazara papuratifomu.

73 Apo, pavanenge vachifanira kuva nekudanira kuaritari kwechinyakare, kunoisa Mwari pamberi, vachichema, zasi uko; uko varume nevakadzi vasingauye kuzoshamisira, kana

kumhanyira kumusoro uye nekuita semunhu anoita zvokusetsa, asi kudzika zasi paaritari vogoona kuti rufu rwaJesu Kristu ipapo, uyo akavafira, kuti vari kudzokera mukurevesa naMwari zvakare.

74 Hameno kana tisiri kurarama munguva yakadaro, patinotora vavhangeri vakuru, sevazhinji vari kudarika nemunyika nhasi, vevavhangeri vakuru vanozivikanwa vanodzidza zvekushandisa pfungwa uye nekukwezva vanhu kuchechi. Asi mushure mekunge mavapinza muchechi, zvino muchazoitei kwavari? Chii—chii chichazoitika kwavari mushure mekunge vapinda muchechi? Kungojoinha chechi, vodzokera nechivi chimwe chete uye nechishuwo chimwe chete chavanopinda nacho muchechi. Vanodzokera nenzira imwe cheteyo. Uye ndicho chikonzero, nhasi, nyika inotarisa, yogoti, "Zvakanaka, kana murume *uyo* aine chinamato, kana munhu *uyu* aine chinamato . . . "

75 Ndinotyira kuti takazvirerutsa zvakanyanyisa. Ndizvo, ndinoda . . . Ndinofunga, mufaro, zvirokwazvo, ndinotenda kuti mufaro wose uri muna Jesu Kristu. Ndizvozvo. Ndinotenda kuti zvinodakadza uye zvinofadza. Asi rangarira, hama, inzira yemarwadzo makuru nekutambudzika nemuchinjikwa. Unofanira kucherechedza izvozvowo, zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Hameno kana isu tisina kupa mufananidzo we—wezvakanyanyisa kuva mutserendende.

76 Sekuti, ndanga ndichitarisa, uye mudzimai wangu aisa . . . Ndatanga kubuda, uye aisa rozi pajasi rangu mangwanani ano. Akati, "Unofanira kuripfeka. Amai vako vapenyu."

Ini ndikati, "Oh, mudiwa, handizive."

77 Zuva raAmai rakanaka kwazvo, asi zvakafanana nenyika, vakariita rekutsvaga naro mari, zvekungotengesa maruva chete nezvimwe zvakada kudaro. Handiti, kuzvidza amai. Handiti, amai vangu ndiamai vangu zuva rega-rega regore, hongu, changamire, kwete zuva rimwe chete.

Ndoti ini, "Unoda amai vako here?"

78 "Ndakavatumira tsumbu remaruva paZuva raAmai rakapfuura." Zvakanaka, hama, vanofanira kunge vari amai mazuva ese. Asi ndezvekutenga nekutengesa.

79 Ruva iroro rakanaka. Ndinoda ruva rakanaka. Ndinofunga nezvaro sezvandinoita . . . Kuti ruva rakanaka sei. Rinotumbuka. Uye rine munhuwi wakanaka. Uye mupfuuri anonzwa munhuwi waro. Mhuka ikasvika nepo, inonzwa munhuwi waro. Asi, zvino tarisai, rakanaka. Sezvakaita Chechi yaIshe Jesu Kristu, ndiYo chinhu chine kubwinya kwakakurisa; Kupodza kwaMwari, nemasimba, nezvishamiso, nezviratidzo, neminana, nekusununguka kubva kuchivi. Inzvimbo yakanakisa. Asi,

tarisai, kana rozi iroro . . . Tinofanira kuuya, Chechi, sezvisikwa zvose.

80 Rozi iroro, zvarine runako rwaro, mombe yose munyika yaigona kunanzva pariri kana yaigona. Asi masikirwo aro akaripa tumipeni, tumapfumo tudiki twakabudikira kunze, twunonzi minzwa, zvino dzinoasiya akadaro. Zvinoridzivirira. Ndizvozvo chaizvo.

81 Uye ndinofunga kuti, nhasi, kana tisina Shoko raMwari, rakapinza kupfuura munondo unocheka nokumativi ose maviri, rakapoteredza kunaka kwesimba rehutsvene hwaMwari, ticharega mombe yose iri munyika ichinanzva paRiri nekuRiuraya. InoRisvibisa nemazirutwe. Rinobva rava mungava kuChechi. Ndizvozvo chaizvo.

82 Ndinofunga kuti, nhasi, chatinoda vamwezve vashumiri vechinyakare, vakadanwa naMwari, vakakwasharara, zvichida vasina dzidzo yakawanda, asi vachaunza vanhu kuaritari, ipapo vogova nemarwadzo. Kwete nemufaro nekuseka, nekutsenga chingamu, nekuisa zita ravo pabepa; asi, hama, kuchema pamwe nekufa kwechinyakare, kusvikira varume nevakadzi vanyatsotendeuka kubva kuzvivi zvavo uye vauya pedyo naMwari. Ameni.

83 Ndinokuudzai, tine, "Simudzai maoko enyu, vanoda kugamuchira Kristu," zvese zvakadaro. Zvakanaka, hama, asi izvozvo hazvi—izvozvo hazvidzinge chivi.

84 Unofanirwa kutendeuka kutanga, wogadzirisa, wouya zasi ikoko uye wonyatsochema chaizvo. Ndinogona kurangarira nguva apo vanhu vechinyakare vaifamba vachidzika nemumikoto, uye vachikwira nekudzika nemigwagwa, vachichema, uye vachitaura navavakidzani vavo. Ndivo vaiva Makristu ezuva iroro; vachivaudza pamusoro pezvinhu zvaShe.

85 Asi, nhasi, tinoisa zita redu mubhuku rechechi, tobuda tonogara kumba, uye tisingambotauri kana shoko rimwe pamusoro paRo. Pasina kana hanya. "Chero bedzi tiri nhengo dzekuchechi, zvakanaka." Ndine chokwadi chekuti tiri kukanganisa ipapo, vanhu. Zviongororei. Nekuti, izvozvo hazvimire mukutongwa. Kwete, changamire. Hazviite.

86 Hakuna chiri pasi paizvozvo, "Uyo anoNditevera, ngaazvirambe pachake, atakure muchinjikwa wake, uye afe zuva nezuva." Gara wakafa, uri ipapo pamuchinjikwa. Ndizvozvo. Kudzimbikana kukuru! "Nzira, ndichatora nzira," imi munoimba, "nevashoma vaShe vanozvidzwa."

87 Ndinofunga kuti nhasi, inguva yakadini yatiri kurarama mairi! Ihwo, huvhangeri, vanohuisa muzviedza zvikuru zvinopenya kwazvo, uye vanoyedza . . . Ukaona muvhangeri achiuya kudhorobha, unoshamisika. Ini, misangano yangu yanga iine mhosva imwe cheteyo. Ndizvozvo chaizvo. Ndinotadza

kunzwisisa kuti ndiani ari kuuya muguta, pane imwe nguva, muvhangeri here kana kuti Jesu Kristu? Handiti, vane . . .

88 Ndakaenda mune imwe nzvimbo kuno, nguva shoma yapfuura, kwaifanira kuuya mumwe muvhangeri. Uye veJesus' Name . . . Nhai, vaiva nemufananidzo wemuvhangeri, "murume wenguva ino," murume uyu ane *chakati*, uye murume uyu ane *chekuti*.

89 Ini, dzimwe nguva ndinofunga nezveshumiro yangu, uye ndichiona vanhu vachiuya. Uye ndinopinda mukamuri yemuhotera, ndoti, "Mwari, ndiani—ndiani ari kuuya kuzoonekwa nevanhu, ini kana iMi?" Maona? "Kana vachiuya kuzoona inini, vakarasika, zvakadaro; asi, O Mwari, ndipwanyirei pasi, ndibvisei panzvimbo. Ndinoda kumiririra iMi, uYo watichamira pamberi paKe rimwe zuva, nemaoko anodedera nemuviri unodedera, usina simba, ndakaKutarisai. Ndichiziva kuti mweya wangu wakarembera pasarudzo Yenyu." Ngatisimudzirei Kristu.

90 Nhasi, iwe unoti, "Manje, ini ndiri weBaptisti. Ndiri muMethodisti. Ini ndiri wepatabhenakeri. Ndinoita *izvi*." Oo, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo; kana chinhu hacho. Ndinombofunga dzimwe nguva.

91 Pano nguva pfupi yapfuura, ndakaona ku—kushambadza kwakaitwa, uko imwe mbuserere yakanga ichiuya muguta. Uye shoko remurume wacho, zita remurume uyu riine mavara makuru kumativi ese, s*aizvozvo*. Uye nechepazasi, mukona duku, pakanzi, "Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nekusingaperi," zasi-zasi mukona. Maona?

92 Vakabvisa kuyereswa kwose kubva kuna Kristu, vakakuisa pane mumwewo munhu, kana imwewo chechi, kana rimwewo sangano. Hama, ndiri kutaura, unogona kubudirira nezvinoyevedza, kuita zvinosetsa zveHollywood, saizvozvo, mune . . . nechechi. Asi, muHupo hwaJesu Kristu, iYe ndiYe anofanira kukudzwa. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, ndicho chokwadi, hama nehanzvadzi yangu inodikanwa.

93 Usanzwe kundishatirirwa. Ingorangarira kuti ndiri kuparidzira kwauri. Ndinoda kuparidza sekunge iyi ndiyo mharidzo yekupedzisira yandichafa ndakamboparidza muhupenyu hwangu. Ndinoda kuparidza, mharidzo yese yandinoparidza, sekunge ndiri munhu ari kufa achiparidzira vanhu vari kufa. Uye, ndiri kufa; chiedza changu chiri kudzikira, zuva nezuva; chako chiri kudarowo, zvakare. Uye isu tiri vanhu vari kufa. Uye tinofanira kutarisana naMwari mupenyu, mamwe emazuva ano, uye zviri nani titova hedu mukuperera kwakadzama pamusoro pazvo.

94 Kungova mukushamisira, nekuenderera mberi, nekujoinha chechi, nekuenda *uku* ne*uko*, nekuita nenzira *iyi* uye nenzira *iyo*.

95 Ngatitovai hedu neminamato yechinyakare mudzimba dzedu, uye tichichema kuna Mwari, siku nesikati. Zuva rava pedyo, "nguva yekushushikana, nguva yekutambudzika." Bhaibheri rakati, "zuva rine rima." Uye isu tiri kurarama mariri.

96 Kuti murume mukuru uyu akadzika zasi ikoko sei pasi pekufarisa. Akazvibatanidza nevanodziya, nevepakati-nepakati, akafunga kuti aive ari kuita chinhu chakakura, akafunga kuti Mwari vakanga vari kumuropafadza. Uye asingacherechedze kuti ipapo akanga achiuya neboka rese iri pamwe naye. Chii? "Boka redu diki, re—reJudha kumusoro kuno, raizodzika zasi tozvibatanidza nemapoka makuru eIsraeri. Tichava vanhu vane simba zvakadii."

97 Hezvoka izvo. Ndiyo nzira chaiyo yehunyengeri iyo dhiyabhore ari kushandisa iko zvino, kuti agounza antikristu; sechokwadi chekuti ndakamira mune ichi. "Tichabatanidza kushingaira kwedu pamwe chete." Isu hatingaite izvozvo. Ko vaviri vangafambidzana sei, kunze kwekunge vawirirana?

98 United States ino iri kuita zvimwe chete, chiitiko chimwe chetecho uye nekukanganisa kumwe cheteko, payakabatana neRussia kumashure uko. Panguva iyo chaiyo yavakanga vagadzirira kuita hondo, uye ndokuzvisunganidza pachedu pamwe chete neRussia. Uye zvino muri kuona zvatinazvo, handiti? Vane ndege dzedu nezvese zvakavanzika zvedu, nemabhomba edu eatomiki nezvose zviri ikoko, kuti vagozoaputitsira kwatiri zvakare. Chinhu chimwe chetecho chinoshanda pamweya.

99 Zvino tinozoona, mushure mekunge Jehoshafati aita mubatanidzwa uyu, uye ndokubvunzira. Zvino tarisai, tarisai nyika yekunze, akati, "Chokwadi, tine vaprofita vakawanda zasi kuno. Tine seminari yakazara navo."

100 Vanoenda zasi vonotora machinda acho akanga akadzidziswa, aiziva zvekushandisa pfungwa, aiziva zvese pamusoro pazvo. Ndokuti, "Huyai zvino, uye tiri kukumbira nekubvunza Ishe."

101 Vose zvavo, chaizvoizvo, mupfungwa dzavo dzenyama dzakatutumara, vakauyako uye ndokuti, "Zvino, tarisai, isu . . . Imi kwirai kumusoro. Ishe vanemi, uye Ishe vachakupai nzvimbo iyoyo kumusoro ikoko. Iyoyo, ichava yenyu. Muchasunda vaSiria vachidzokera kwese kure. Muri kuzozviita." Mumwe wavo akatozvigadzirira nyanga huru dzesimbi, ndokutanga kumhanya-mhanya se*zvizvi*, achiti, "Izvi ndizvo, zvamuchasundira vaSiria nazvo kure."

102 Asi, Jehoshafati, ainge ari wemweya zvakati darikei, zvekusabatirana nematakanana aya edambe rinosetsa. Ndizvozvo chaizvo.

103 Mwari, tipeiwo vamwezve vana Jehoshafati, vakafinhikana uye vaneta nedambe iri pano rokusetsa reHollywood. Ndizvozvo chaizvo, vachiratidza zvavasiri chaizvo, vachinyepedzera kuva chimwe chinhu chavasiri; vachigadzira, nokuita mitambo, vachikwevera mukati. Zvino kana vapinda, chii chaunowana paunopinda? Sekukumbira munhu kuti, "huya ugotuhwina mugwenga". Hapana chimwe kunze kwejecha repamahombekombe egungwa pamusoro wako, rinozokonzera kusuwa kwakawanda mushure.

104 Zvino cherechedzai, chii chaungavapinza machiri? Mumwe mudzimai akati kwandiri rimwe zuva, "Mumwe murume akati, 'Ndingada kuenda kuchechi, asi chii—chii chandinozowana kana ndaenda kuchechi?' Akati, 'Chavanoita chete kuronga kumwe kudya kwemanheru, uye ivo . . . pamusoro pe*izvi, izvo,* ne*zvimwewo*.'" Uye mudzimai uyu akati, "Ndakamira ndikashaya chekutaura, nekuti ndakanga ndisingazive kuti ndomuendesa kupi." Hezvoka izvo. Akati, "Ndinoshuva kuti dai ndaiwana chechi yakare kwavanonyatsoimba nziyo dzechinyakare uye vachirarama zvine humwari."

105 Kana vana vakaita nzara, vanodya kubva mubhinhi. Zviri kuChechi yaMwari mupenyu kuvadyisa Shoko rechokwadi rinorarama re . . . raMwari.

106 Ipapo, mukushamisira kwese uku nezvimwe, Jehoshafati akati, "Hakuna mumwezve here?"

107 "Mumwezve?" akadaro Ahabhu. "Manje, chii chaunodira mumwezve? Tine mazana mana evarume vanodarika vese, vakasarudzwa, vakadzidza, vanodya chikafu chepamusoro, vakanyatsoshongedzwa vangavepo munyika, vakamira pano. Mumwe nemumwe wavo vari muhumwe, nemoyo mumwe, nenzwi rimwe, vachiti, 'Endai! Mwari vanemi.'"

108 Hameno kana United States isati yasangana nechinhu chimwe chetecho. Hameno kana Chechi yaMwari isati yasangana nechinhu chimwe chete. Hameno. "Zvakanaka," moti, "honai, vari kubudirira. Vari kuita misangano mikuru, kwazvo. Vari kuwana zviuru panguva imwe chete." Asi handizive kana kuine mumwezve zvakare. Handizivewo kana pasina chimwe chinhu chakasiyana.

109 Tinoona kuti, tine zviuru makumi matatu zvevakatendeuka mumasvondo matanhatu, uye mushure memavhiki matanhatu anozotevera acho hatina kana mumwe chete. Pane chakakanganisika pane imwe nzvimbo. Ndizvozvo. Uye zvose ndezvekungoshamisira, zvisiri zvechokwadi. Pasi rose, kubudikidza neterevhizheni, neredhiyo, kubudikidza nemabhaisikopo, uye nekuya kwekutengesera uko, zvashatisa nyika ino nezvakawora zvekuHollywood. Ndizvozvo chaizvo. Zvinhu zvese zvinoda kuve mukushamisira kukuru. Hachisi chokwadi here ichi? Munoziva kuti ichokwadi. Hatisisina

chimwezve chinamato chechinyakare chataimbova nacho makore apfuura. Imhaka yekuti pakava nekuregedzeka. Tichasvika pazviri, munguva pfupi, muchazviona.

110 Veduwee, mufananidzo wakanaka zvakadini, kana kuti mufananidzo unokatyamadza, regai ndidaro. Zvino hepano Jehoshafati uyu ndokuuya, akati, "Hongu, ndiri kuvaona vese. Vane, mumwe nemumwe wavo, madhigirii avo," kana chero zvazvaive. "Vose vanofanira kuzova vaporofita, kana kuti vashumiri vakuru. Ivo vakabva kumakoreji makuru. Uye vose vari izvi. Vakabva muchikoro chikuru chemuporofita, nezvose. Vese vari muhumwe. Ichocho ichokwadi. Asi hapangorina here mumwezve zvakare?"

111 "Zvakanaka, chii chauri kudira mumwezve zvakare, ivo mazana mana vachibvumirana panguva imwe chete?"

112 Asi murume uyu, pakadzika mumoyo make, akanga aina Mwari. Uye akaziva kuti pakanga pane chakashata pamusoro pazvo. Hongu, changamire. Akaziva kuti pane chakanga chakawora. Sei? Regai ndikupei . . . Gwaro harizvitaure, asi hezvino zvandinowana. Ndinozviziva kuti—kuti Jehoshafati aiziva kuti munyengeri uyu zasi uko, Ahabhu, kuti akanga asina kumira zvakanaka kuna Mwari. Uye Eria akanga aporofita Shoko raMwari kwaari. Uye Mwari vaizoropafadza sei zvavakanga vatuka? Ameni.

113 Ndinotaurawo zvimwe chetezvo nhasi, shamwari. Uye Chechi yaMwari mupenyu, inomira yakatendeka kuna Mwari, ichataura zvimwe chetezvo. Haugone kusanganisa mafuta nemvura pamwe chete wobva wazviti ruponeso. Haugone kudaro. Unofanira kuzvipatsanura, hama. Pane chinofanira kuitika. Kana paine tariro yasara, tinofanira kuita chimwe chinhu, uye tochiita nekukurumidza; nekuti, nguva yeKubvutwa yava pedyo.

114 Zvinhu zviri kuwanda, zvose, uye chechi iri kure-kure kwazvo. Vanoverenga mhando dzese dzemamagazini, mabhuku, nyaya, uye nezvese. Ndinogona kuenda nhasi kune . . . Ndinogona kuenda kune imwe chechi, uye ndinogona kuti, "O, vangani vanoziva . . ." Vanoziva mahimu ese, mushure merwumwe rwerumutsiriro rukuru urwu. "Zvino, ipeji ipi—ipi pane himu yekuti-nekuti?" Vanoiziva. Vanoziva kuti ndiani. Vanoziva kuti ndiani ari kukwikwidza chigaro cheMutungamiri wenyika, uye ndiani ari kukwikwidza pane *ichi,* uye vangani vatambi vemafirimu vakaroora, *ichi* ne*chocho*, ne*chimwe*. Asi, Shoko raMwari, hapana chavanoziva nezvaro. Hezvoka izvo. Saka tiri kuvapa kunak- . . . Asi, zvakadaro, vanozviti Makristu.

115 Uye vanhu havasi ivo vane mhosva. Zvinobva kuseri kwepuratifomu, uko kwazvinobva. Ndizvo chaizvo. Zvinobva kuseri kwepuratifomu. Vanovadzidzisa marudzi ese emitinhimira, nemhando dzese dze*izvi* ne*izvo*, nemasangano, uye

magadzirirwo emapoka evechidiki, nezvimwe zvose zvakadaro. Handizivewo kana zvakabhadhara. Hapana chandinopesana nazvo, asi ndiri kufungawo hangu kana zviri izvo zvinodiwa naMwari.

116 Paya, Jesu paakati, "Kunze kwekunge munhu aberekwa nemvura neMweya, haangatongopindi muHumambo. Iye uyo acha-. . . achaNditevera, ngaazvirambe iye pachake, uye nemafaro ake emunyika, atakure muchinjikwa wake, uye aNditevere." *Muchinjikwa* chiratidzo che "rufu, kutambudzika kukuru." "Uyo achava ari Mukristu, ngaazvibvise pachake papfungwa dzake. Ngaazvibvise pachake pamabasa ake. Ngaazvikurure pane zvose, achizviramba pachake, uye atore muchinjikwa wakatsaurwa, agoNditevera zuva nezuva. Uyo achauya shure kwaNgu, ngaaite izvozvo." Ndizvo zvakataurwa naJesu.

117 Asi, nhasi uno, tinoti, "Munhu wose iva nenguva huru inonakidza. Vanhu vese ngavaombere maoko avo. Munhu wese daidzira, 'Hareruya!' Munhu wese ita *izvi*." O, takava nemvongamvonga yakawanda kwazvo! Ameni. Mwari. . . Isu tinoburitsa nziyo idzi itsva todziimba nekukurumidza kwazvo, zvokuti zvinoita sekunge tichamhanya tichipfuura nemumadziro nadzo, kana zvimwe zvakadaro.

118 Apo, ndinofunga, kana tikatoimba hedu *Pedyo, Mwari Wangu, NekwaMuri,* zvingava nani chose kuChechi; mahimu echinyakare.

119 Vanowana vanhu vakawanda vanotamba dhanzi reokestra, mumwewo mukomana anotamba dhanzi reokestra kuno achiridza, manheru apfuura, asi manheru ano ari kuridza muchechi yaMwari mupenyu? Zvinonyangadza pamberi paMwari. Munhu iyeye ngaaedzwe, kutanga, uye ngaabereke chibereko, chakafanira kutendeuka, kuratidza kuti akarurama kuna Mwari.

120 Vanounza nyika yejazz papuratifomu chaipo. Vanouya nekuparidza kweHollywood, kwekushamisira, papuratifomu chaipo.

121 Ko, handina here kugara muguta renyu rakanaka, masvondo mashoma apfuura, muLouisville, Kentucky? Mwoyo wangu wakatsemuka, apo vese vakanga vagere ipapo, vachida kuona zvishamiso zvaMwari; uye paunongoparidza Evhangeri, vaibva vazara, nenguva pfupi, vofuratira vachibuda kunze kwechivakwa. Zvirokwazvo. HavaRidi. Moyo yavo yakaomeswa. Vanobuda kunze; uye vazhinji vavo, maProtestanti, zvakare, vanoenda kumachechi emaProtestanti. Asi vakava nekuzara. . . vakazadzwa nekushamisira kwazvo nezvese zvakadaro, zvekuora nezvemachechi-chechi, kusvikira havazive chinhu pamusoro peMweya waMwari mupenyu. "Vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba Simba racho."

Izuva rakadini ratiri kurarama mariri. Tarisai kwazvinounganira.

122 Jehoshafati akati, "Ndinoziva, Ahabhu. Havo vaparidzi venyu mazana mana. Vese vanhu vanotaridzika zvakanaka, mumwe nemumwe wavo akashongedzeka uye vhudzi rakakamwa zvakanaka, uye nezvose, nechero zvimwe zvavangava vari. Vanogona kunge vaine maD.D. avo. Vanogona kunge vaine marudzi ese emadhigirii. Vanogona kunge vachiziva Magwaro, kubva kuna A kusvika kuna Z. Asi hamuna here mumwezve zvakare, kune imwe nzvimbo? Hakungorina here mumwezve zvakare, kune imwe zvimbo?"

123 Iye ndokuti, "Hongu, pane mumwezve, asi ndinomuvenga." Hezvoka izvo. Hezvoka izvo. "Ndinomuvenga." Rangarirai, Ahabhu aiva munhu wezvekunamata, uye ava vaiva vadzidzisi vezvekunamata, asi vaivenga murume aive neChokwadi. Akati, "Ndinomuvenga." Akati, "Anogara achingopaumba chimwe chinhu chinopesana neni." Ko aizorega sei kuzviita, iro Shoko raMwari rakanga ramupomera kare?

124 Ko ungazoramba wakanyarara sei kana uri murume ari waMwari, kana mudzimai ari waMwari, uye uchiziva nekuona chivi nezvimwe, zvakaungana uye zvichirema, nezvose zvakadaro; uye nekuona mweya yevanhu ichienda kugehena; mamiriyoni pazuva rimwe chete; wongomira hako? Haugone kudaro.

Mumwe munhu akati kwandiri rimwe zuva, akati, "Munofunga here kuti munogona kuzvimisa?"

125 Ndikati, "Kwete. Handikwanise kuzvimisa, nekuti Mwari vakadaro. Asi rimwe zuva, paChigaro cheKutonga, vachaburitsa skirini hombe, vovhenekera kamera ipapo, uye tepi yakarekodhwa icharidzwa. Uye ndichamira ndichiteerera; ndinoda kunzwa izwi rangu richiyambira pamusoro pazvo. Mwari vachanditonga paya izwi rangu parinouya richizvipikisa." Hongu, changamire. Patichaona hupenyu huno, chizvarwa chino, chichiratidzwa zvakare pakutongwa. Zvirokwazvo. Tiri kurarama munguva inotyisa. Uye heyoka iyo.

Uye tinomuona achidaro . . . akati, "Hakuna here mumwezve zvakare?"

126 Akati, "Hongu, asi ndinomuvenga, nekuti anogara achiporofita zvakaipa pamusoro pangu."

127 Angarega sei kuparidza zvinhu zvakaomarara zvakadaro, iye achiona zvichiitika? Achiona Ahabhu achirarama sezvaaiva uye achiita sezvaaiita, uye achiunza vanhu sezvavakanga vari.

128 Ko murume ari waMwari, kana mudzimai ari waMwari, angarega sei kudanidzira nekutsiura zvivi kubva kumativi ese? Kana, vachiona vaparidzi vanodziya ava, vanoita zvekunakidza vanhu, nevadzidzisi, nevamwe vakadaro, kunze

vachirega vanhu vachienda kugehena, nemamiriyoni, pasi pehunyengeri; zvizhinji . . . kunyangwe muvanhu vehutsvene. Handisi kutaura zvakanyanya pamusoro pemaMethodisti nemaBaptisti, nezvimwe zvakadaro; vanazvowo, zvakare. Asi zvirimo mumapoka enyu chaimo.

129 Ini zvangu, vachiuya papuratifomu, vari sezvimwe zvese kunze kweMakristu, vachirarama sezvimwe zvese, munyika dzose nezvimwe, zvino vobva vazvidaidza kuti "chinamato." Chitori chinamato, asi chiri kure kwazvo kubva kune ruponeso rwaShe. Ndizvozvo chaizvo. Vakangoita kuti vanhu vangova boka guru rine manyawi. Zvino kana tumanyawi twuya twapera, zvino, chinhu chekutanga unoziva, haukwanise kuwana kana mumwe chete wavo; chechi inenge isina kana munhu. Hama, kana munhu achida Mwari, anogara pachigaro chake muchechi, nguva dzose. Haagone kugara kure nayo. Ndizvozvo.

130 Zvino cherechedzai, maminitsi mashoma bedzi. Ndichaedza kukurumidza, ndonyatsonanga panyaya yacho zvino, nekuti nguva yangu yave kupera.

Cherechedzai, zvino akabva ati, "Hapana here kana mumwezve zvakare?"

131 Iye ndokuti, "Hongu, asi ndinomuvenga. Anogara achiporofita zvakaipa pamusoro pangu. Anotaura zvakaipa pamusoro pangu."

"Zvakanaka," akati, "endai munomutora."

Akati, "Zita rake ndiMikaya."

132 Asi murume uyu aiva nechinamato chakakwana chekuti azive kuti vanhu ava vakanga vasina kumira zvakanaka.

133 Uye chero munhu kana akambobatwa, zvishomanani hazvo, neMweya waMwari, anoziva kuti zvinhu izvi, izvo zvinonzi Chikristu nhasi, hazvina kunaka. "Iwe haugone kuda nyika, kana zvinhu zvenyika. Kana uchidaro, rudo rwaMwari harwusi mauri." Bhaibheri rakataura kudaro.

Zvino tarisai. Akati, "Endai munomutora." Zvino ivo ndokuendako.

134 Zvino ndokutumira kamwe kamutumwa kekare ikoko, mudhikoni wechechi, zvichida, kana mumwe munhu, akaendako ndokuti, "Zvino honaka, Mikaya, tiri kuzonokuunza kuno pamberi paAhabhu naJehoshafati. Zvino, vese vari vaviri vakagara kunze uko, uye varume vakuru zvino. Ivo vadzidzisi uye vakadzidza chaizvo. Uye vane dhigirii ravo, nezvimwe zvakadaro. Uye imwe neimwe yemaseminari edu, imwe neimwe yemachechi edu kuno, vari pakubvumirana kwakakwana kuti uku kuda kwaShe. Zvino, iwe taurawo zvimwe chete zvavari kutaura, uye, ndinokuudza, uchapfeka zviri nani uye uchatyaira motokari yeCadillac. Ndinokuudza, uchava munhu mukuru kana ukangoita izvozvo. Hongu, changamire. Uchabudirira."

135 Mikaya akati, "NaIshe Jehovha mupenyu, ndichataura chete izvo zvinorehwa naMwari." Ameni. Hongu. Oo, hoyo murume ari pamoyo pangu. "Ndingasva ndadya hangu chingwa nemvura," zvinova zvaakaita, "nekuda kwekuzviita." Anogona kurohwa padama rimwe uye nerimwe racho, nechero zvimwewo, asi akataura Chokwadi ndokumira pachiri. Mwari vakachisimbisa kuva Chokwadi. Akanga asina mukurumbira, asi aiziva Mwari.

136 Vakaunza Mikaya mudiki wekare ikoko. Iye akati, "Zvakanaka, Mikaya, unoti kudii nezvazvo?"

137 Akati, "Kwidzai henyu muende. Kwidzai henyu muende." Akati, "Endai, murugare. Pfuurirai mberi, mubudirire, ndizvo zvandiri kuda kuti muite. Asi ndaona Israeri semakwai, asina mufudzi, ari pamusoro pechikomo, yakapararira. Ndizvozvo," akadaro.

138 Zvino paakaita saizvozvo; zvino Ahabhu akatendeukira kuna Jehoshafati, ndokuti, "Ndambokuudza kuti kudii? Muumburuki mutsvene uyu . . ." kana, chii, ndiregerereiwo, kana, chero zvazvaiva; muchinda uyu ndokuti, "Izvo . . . Ndambokuudza kuti chii? Munhu iyeye anongoporofita zvakaipa—zvakaipa pamusoro pangu. Ndati kudii? 'Anongopomera chechi yedu chete, nekupomera vashumiri vedu, nekupomera nzira yemanamatiro edu.' Ndakuudza kuti kudii? Anga ari kuzongozvitaura. Ndinomuziva uyu. Ndaitoziva baba vake asati azvarwa uyu." Ameni. "Ndaiziva baba vake asati azvarwa." Uh-huh, hongu, changamire, munhu waMwari chaiye-chaiye. Akati, "Ndazviziva kuti ndizvo zvaachataura izvozvo."

139 Saka zvino akabva ati, "Hongu," akati, "Ndaona Israeri yakaita semakwai, akapararira, asina mufudzi, pamusoro pechikomo." Saka zvino akabva ati, "Ndawo- . . . "

140 Zvino mumwe wevarume vaya akanga ane nyanga huru, akanga ari kuzosundira kure. Mumwe muparidzi akafamba ndokudhonza Mikaya mudiki, ndokumuwatsura pamuromo zvakaomarara sezvaaigona, akati, "Ko Mweya waMwari waenda nenzira ipi paWabuda mandiri? Kana uchiziva."

141 Akati, iye ndokuti, "Mira kusvikira wagara mutirongo umo, zvino uchaziva nzira yaWafamba nayo." Ndizvozvo chaizvo.

142 Mirai kusvikira Russia yagara kunze uko, yotora dzinyika nezvimwe zvakadaro, pamwe nenyika ino, nekuda kwekudzokera kwayo kumashure, uchaona kuti zvakanga zvakanaka nezvakaipa ndezvipi. Ndizvozvo chaizvo. Iwe uchaona kana chinamato chako chinodziya chichizobhadhara, kana kuti kwete.

143 Nyika ino ngaisvike pakuchema misodzi, kwete kuuya kuzoseka nekuita mutambo. Nyika ino ngaisvike pamabvi ayo, mukutendeuka. Ndizvo zvatiri kuda. Kwete rumutsiriro

rwekuunza vanhu vazhinji muchechi. Tinofanira kuvhara mashabhini ese, tomisa kuputwa kwese kwefodya, toputsira pasi mafekitari aya. Totanga mbuserere yechokwadi, yechinyakare, yeMweya Mutsvene; apo varume nevakadzi, siku nesikati, vachirara nechiso chavo, vachichema. Ndinokuudzai, ichava nzvimbo huru yekuvanda iyo nyika ino yati yambova nayo. Ichokwadi ichocho.

144 Regai Branham Tabhenakeri irege hupenzi hwayo. Ngaidzokere pano paaritari uye igadzirisane naMwari. Gadzirisanai nevavakidzani, nevamwe vakadaro, uye mogadzirisana naMwari. Iwe hauzove nekukakavadzana nekungoenderera mberi; ichava nzvimbo inokweva yepasi rose. Ndizvozvo. Zvino, ndicho chokwadi.

145 Akabva ati, "Ko Mweya waMwari waenda nekupi pawabuda mandiri?"

146 Zvino Mikaya ndokuti, "Ndaona Mwari, nehondo yaVo, nedare raVo, vagere muKubwinya."

147 Munoziva, Mwari vane dare kumusoro Uko, pano neapo. Ivo, Vanounza Zvisikwa zvaVo—zvaVo zveNgirozi uye voita mu—musangano wedare, apo neapo, kumusoro Kudenga.

148 Uye ndokuti, "NdaVaona vagere paChigaro cheushe, uye vanhu vese vanga vakamira kuruoko rwaVo rwerudyi nerweruboshwe." Uye akati, "Vanga vachikurukura, 'Ndiani watingawana kuti adzike zasi kunonyengera Ahabhu, kuti amuunze kunze kuno uye zvizadzise chiporofita chaEria? Mwari vakataura kare kudaro, izvo zvaizoitika, saka tichangoona kuti ndiani angaburuka zasi.'

149 "Zvino mweya wekunyepa ndokubuda uchibva zasi," ndizvozvo, kubva mugehena, "ukauya pamberi paMwari ndokuti, 'Ndichadzika pasi, uye ndichapinda muvaparidzi ivavo ndoita kuti vese vaporofite nhema.'" Oo, izvozvo zvakavanyandura. Zvakavaita kuti vasanzwe zvakanaka, apo, "Vakati, 'Ndichadzika ndigoita kuti vaparidzi ivavo, mumwe nemumwe wavo, vaporofite nhema.'" Zvino akadzika ndokupinda muvaparidzi ivavo, zvino vakatanga kuporofita nhema.

150 Uye, hama, Mwari vamwe chete vari kutonga paChigaro cheushe chimwe chetecho nhasi. Uye mweya mumwe chete iwoyo wekunyepa wakaita zvimwe chetezvo nhasi, uchiporofita nhema.

151 Vakaramba vachiti, "Rugare, rugare, rugare," mushure meHondo Yepasi Rose Yekutanga.

152 Regai ndikuratidzei kuti zvakabva kupi. MuHondo Yepasi Rose Yekutanga, apo France, kumusoro uko, yakafuratira Mwari, muNguva yavo yeBudiriro, ndokutanga . . .

153 Zvino ndava kuzotaura zvishoma pamusoro pehunhu, saka imi mose imbogarai makanyarara kwemaminitsi mashoma.

154 Tarisai, kumashure uko, pakutanga, uko muFrance, ndimo makatangira huipi netsvina. Kana pakambove nenzvimbo yakashata pasi rose, iParis, France. Uye ndakaifamba yese zvayo potse, uye ndiyo nzvimbo yakaipisisa yandati ndamboona. Uye London, England haina kunyanya kusiyana. Uye United States iri kuuya mukuenderana nayo. Ndizvozvo chaizvo. Hezvoka izvo.

155 Pese pamunongotyora tsika dzehudzimai, matotyora musana wenyika.

156 Hezvino munoendako, munyika dzavo, uye woti uri mumishinari, havadi . . . Vanoti, "Uchatiudza kuti tigoitei, kuti tinoimba sei nziyo dzetsvina pamusoro pevakadzi vedu, kana kuti pamusoro pevasikana vedu here? Uri kuzotiudza kuti tinoramba sei vakadzi vedu? Wotidzidzisa here kunwa hwiski nekufamba nenzira yatinoita?" Ndizvo zvatiri.

157 Tinozvidaidza kuti nyika yevanamati, nyika yeChikristu. Zvakanaka, ivo "vahedheni" vari muAfrica vanogona kutotidzidzisa hunhu, mararamiro. Nzvimbo yakaora zvakanyanyisa, muUnited States, kana, pasi rose, potse, inyika ino, mamiriro ayo. Ndiri wemuAmerica, zvirokwazvo. Asi, hama, handina zvandinogona kuita, kana pari pamberi paAhabhu kana Jehoshafati . . . Zvino ndinotofanira kutaura izvo Mwari vanoti iChokwadi. Ndizvo zvinodikanwa kuti chechi igomiririra, nhasi. Kana zvikasvika pokuti pakati penyika naMwari, ndiMwari, nguva dzose. Hongu, changamire.

158 Cherechedzai, kuFrance, vakatanga kuora kwavo kwese, uye vachienderera mberi nemararamiro avaiita ikoko. Zvino Mwari vakatumira Germany kwavari, kumbovati rovei zvishoma. Zvino tikabva taendako kunovabatsira kuti vasazokundwa. Uye patakangoita izvozvo, tikakunda hondo, tikadzosera maGermany kwavo, vakava nerunyararo neFrance, vakatendeukira kuna Mwari here? Kwete, changamire. Vakadzi, waini, hujoki, zvivi netsvina kusvika kwekupedzesera.

159 Zvino vakaitei? Chii chakaitika? Apa ndipo paakatangira. Dhiyabhore akaisa muzinda wake ikoko. Ndiko kwaakatangira, ikoko, kuparadza hunhu hwepasi rose, kubva kuParis, France.

160 Zvino, kana mukacherechedza, haana kukwanisa kupinda imo muno kubudikidza nehushumiri, saka zvaakaita kwaive kuuya kuHollywood kunze uko. Akagadza yake Holl- . . . Akadzika muzinda wake nechekuno muHollywood. Dhiyabhore akamhara seri kuno, makore mashoma apfuura, makore gumi nemashanu kana makumi maviri apfuura, nehondo yake huru, zvino akaenda, ndokurova muHollywood, California. Zvino akapindira United States nemasimba ake emadhimoni. Ndizvozvo. Mafashoni edu ese anobva kuParis. Vanozvitora

zvopinda muHollywood, zvoenda pamaskirini. Vasikana vadiki ava nevakomana vadiki, nezvinhu, vanobuda kunze uko, vonoona mitambo iyi yepaskirini.

161 Vana vadiki vakanaka chaizvo, machinda echidiki akaisvonaka, hapana chandinopesana navo. Mwari varopafadze moyo yavo midiki. Moyo wangu unojuja ropa nekuda kwavo.

162 Zvino imo muno muguta rino, ndakanga ndichitaura newangu . . . mumwe we . . . mukomana wangu, rimwe zuva. Akati, "Baba, dai panga paine vakomana vari ikoko, muguta, vane Mweya Mutsvene," nezvakadaro. Munoshaya kuti sei ndanga ndichienda kuDenver, Colorado, kana kumwe kwakadaro? Kuendesa vana vangu kune imwe nzvimbo kune boka revanhu vanochema kuna Mwari; ndizvo zvatinoda, hama.

163 Nyika ino, rudzi rwuno, guta rino, nzvimbo ino, yasvika pakushaya hunhu kusvikira zvave kusiririsa. Dai ndaingokwanisa kutaura iko zvino izvo zvandinonyatsoziva kuva chokwadi ipo pano, hazvaikwanisa kutombotaurika pamberi peungano yevanhu vakavhengana. Kana kuti, imo muno muguta chaimo muno; kwete muno chete, asi dzimwewo nzvimbo, kwese-kwese, zvatotanga kuuya zviri nyore . . .

164 Nemhaka yei? Vanhu vacho . . . Tarisai, shamwari, zvasvika pakunyengera kune mano. Zvakapinda nyore-nyore, kusvikira pekuti zvinotongokukunda. Dhiyabhore aimbova mumafashoni. Iye anogona kunge asina kubuda mumafashoni, asi haana kubuda mubhizimu, ndinokuudzai izvozvo. Achiri mubhizimu.

165 Tarisai, nhasi. Tinotora, sezvandambotaura nguva yadarika, pamusoro pemudzimai mudiki, kasikana kadiki kane rozi. Semuenzaniso, rozi, rakanaka; riripo kuti ritariswe, ichokwadi. Uye zvakangofanana nechechi, iripo kuti itariswe. Semudzimai mudiki ane runako, aripo kuti atariswe. Ndizvozvo chaizvo. Asi kana iye . . . Akarurama, zvinova, zvaari kumurume wake, zvaari iye—iye zvakanaka. Asi kana asina munondo wehunhu wakabuda kunze uko kuti umudzivirire, anobva ava mungava kune vemunharaunda nekuvanhu vapenyu; anoderera zvakanyanya uye nekunyadzisa uye nekuora kusvikira imbwa hadzitombomutarisa. Ndizvozvo chaizvo.

166 Uye zvimwe chete kuChechi yaMwari mupenyu. Vanobuda kunze kuno voedza kushamisira nekuzvigadziridza, uye voita sekunge . . . Vanokurura vakadzi vavo kuno, ndizvo . . . uye vanhu havazive kuti madhimoni aya ari kupindira misha yenyu.

167 Munharaunda mangu chaimo rimwe zuva, mumwe mudzimai wechidiki wandinofunga kuti mudzimai akanaka . . . Zvakare mudzimai akaroorwa, ane mwana. Zvino mudzimai mudiki uyu akauya kunze uko. Ka . . . mumwe murume akauya achidzika nemugwagwa kuzoita rimwe basa, uye mudzimai mudiki uyu akabuda akapfeka tuhembe tudiki-diki, twaitonyadzisa.

168 Uku kutaura kwakashata paZuva raAmai. Asi, hama yangu, rega ndikuudze chimwe chinhu. Amai, dzokerai pakuva amai zvakare!

169 Kunyangwe kune kamwe kamukomana kadiki kakashanya kumaraini kwedu, kakauya kakatiudza nezvazvo, "Tarirai kunze uko."

Ndikati, "Manje, hapana nyaya apa."

170 Mukadzi uyu mukadzi akanaka. Handingati haana hunhu. Asi, nyaya yacho ndeyekuti, pane mweya wakaderera, wetsvina uri paari, unomuita kuti aite izvozvo, asi haazvizive.

171 Chii munyika chingadiwa naamai, kana mumwewo munhu, kupfeka tuhembe utwu twudiki twusina hunhu, wonozvizamurira panze pamberi pevarume? Une runako, hanzvadzi. Mune runako, amai. Ndinotenda Mwari nekuda kwenyu. Asi, wakanaka, asi kana usina Mweya Mutsvene ipapo kuti uchengetedze hunhu ihwohwo, zvaitova nani kunge uri chipukandipemwenje zvekuti hapana aizokutarisa, woenda hako Kudenga. Ndizvozvo chaizvo. Ichokwadi ichocho. Tarisa zvauri kuita; hunhu ihwohwo.

172 Zvino, zvazviri, dhiyabhore akapinda uye ndokuudza vanhu zvinhu izvi. Akapinda muvaparidzi; ari kutevedzera Hollywood. Vasikana nemadzimai echidiki, vanotevedzera Hollywood. Zvinhu zvakanakisa zvavanazvo munyika nhasi, zvisina hunhu hwakanyanyisa zvaunganzwa, zvinongotaurwa nezvazvo; dzese hurukuro dzeparedhiyo.

173 Imwewo chembere yakaita saMuzvare Kay Starr, hapana chandinopesana naye; asi kuona chembere, ine makore makumi mashanu, nezvose, nehembe dzake dzese dzakambambashira paari, sekunge akadirwa mutsaga rehupfu. Handisi kutaura izvozvo senyambo, nekuti ndiri kutaura ndichipesana nezvinhu izvozvo. Asi mudzimai anoita saizvozvo, osimuka kuva muenzaniso kumadzimai echidiki emuAmerica, mungava kunyika yedu. Ndidhiyabhore iyeye.

174 Machinda vakaita saArthur Godfrey nevamwe vachimhanya-mhanya kuno, vachiita zvinhu zvavanoita, uye varume vane mukurumbira munyika saivava, zvakare, handiti, zvinonyadzisa.

175 Hareruya! Ndataura izvozvo nekuti ndiri kunzwa kuti Mweya Mutsvene uri pano. Kupindirwa nemhandu kuri kutoitika, kuchingotsvaira kubva paimba kuenda pane imwe imba, kubva panzvimbo kuenda pane imwe nzvimbo, kubva pachechi kuenda kune imwe chechi, kubva pamunhu kuenda kune mumwe munhu.

176 Vana, muZita raJesu Kristu, simukai nezvimiso zvehunhu zverumutsiriro pamwe naIshe Jesu Kristu, uye muti,

"Ndichatora nzira nevashoma vaShe vanozvidzwa." Hongu, changamire. "Ndichava amai chaivo." "Ndichava baba chaivo."

> Kana pasi rose, nezvose zvakapoteredza, zvose zvakapoteredza mweya wangu zvakundika,
> Ipapo iYe ndiye tariro yangu nembambo yangu.
>
> Nekuti pana Kristu, Dombo rakasimba, ndinomira;
> Dzimwe nzvimbo dzose ijecha rinonyudza,
> Dzimwe nzvimbo dzose. . .

177 Chii chakakonzera zvinhu zvese izvi? Chii chakakonzera vashumiri kuti vaite saizvozvo? Chii chakaita kuti vaparidzi vaporofite nhema idzi kuvanhu?

178 Ko yakadini, makore apfuura, kuti imi vanhu veMethodisti. . . Apo mutana John Smith aitakurwa kuenda papurupiti yake, kunoparidza Evhangeri, uye aiparidza mharidzo pfupi yemaawa mana. Uye akati, "Dambudziko racho nderekuti iro, moyo wangu uri kupamuka." Akati, "Vanasikana veMethodisti vari kutopfeka marin'i paminwe yavo."

179 Uye, nhasi, vari kupfeka zvikabudura netuhembe tudiki twetsvina. Uye vachange vachisina kana kupfeka, mune mamwe makore mashanu, kana chimwe chinhu chikasaitwa. Chii chakaitika kwamuri imi vaparidzi veMethodisti, imi maCampbellites, imi maBaptisti? Hongu, changamire. Ndidhiyabhore, akakandira masimba ake pasi, uye ane madhimoni ake kunze kuno.

180 Uye hamuzvicherechedze, imi munoputa fodya, imi vakadzi, uye muchiita nenzira yamuri kuita nayo kunze uko, uye muchinwa nekuenderera mberi nenzira yamuri kuita. Iwe hauzvicherechedze kuti uri kuisa chepfu muhurongwa hwemasikirwo ako, uye nekuparadza zvizvarwa zvose zvichakutevera, ndokunge kana paine chinhu chakadaro. Une zvikamu makumi masere nezvishanu kubva muzana zvemukana wekutora kenza, kubudikidza nekuputa fodya, uye munoita nemaune zvokupinda madziri chaimo. Uye machechi anozvitsigira.

181 Muchechi huru yeBaptisti, imo muno, nguva pfupi yadarika. . . Ndiri kurova Baptisti. Ndine kodzero yekudaro; vakaita sevanozembera kudivi randakabva kwariri. Asi vakazenge vopa nguva yekumbozorora pakati peshumiro yeSunday school neyekuparidza, kuitira kuti mufundisi navose vaende kunoputa fodya, uye mugwagwa wakanga wakazara nevarume nevakadzi vaisvuta midzanga. Dhiyabhore ndiye akazviita izvozvo. Ndizvozvo chaizvo.

182 Zvino, muno muguta redu chairo, mumwe wevashumiri vedu vakatanhamara, zasi kuno muNew Albany, panzvimbo ino yekutambira, kuti mumwe wevashumiri vedu vakatanhamara

veguta ari kutungamirira chirongwa chekutamba-dhanzi, kuunza varume nevakadzi pamapuratifomu.

183 Handina basa kuti nyika inoti kudii, handina basa kuti unoedza kuzvinatsiridza zvakadini; hama, hakuna murume ane ropa dzvuku anokwevera paari mukadzi wemumwe murume, oramba aine manzwiro mamwe chetewo. Munozviziva kuti ichokwadi.

184 Vakatora vakadzi vedu, vakavakumura hanzu; kunze uko mumahofisi, uye vachityaira matekisi, vachikwira nekudzika mumugwagwa. Apo, vachifanira kunge vari kumba, seri kwechitofu, vachibika, uye vachigadzira svusvuro.

185 Chii ichocho? Ndidhiyabhore. Kupindirwa nemhandu kuri kutoitika. Ini handisi kutaura chinhu pamusoro pedungamunhu *uyu* kana dungamunhu *uyo*. Ndiri kuti mweya yetsvina iri kubata vanhu, ichivapinza mazviri chaimo. Kupindirwa nemhandu kweUnited States.

186 Kukundwa kwechechi. Chechi yakakundwa nadhiyabhore. Kumashure uko . . .

187 Vanotora mukomana zvino, kana auya kuseminari, chinhu chekutanga chaanofanira kudzidza kutora madhigirii ake. Anofanira kudzidza zvekushandisa pfungwa. Anofanira kutora dzidzo yebhaibheri. Anofanira kudzidzisa, oita kuti mhando dzose dzezvinhu zvidzidziswe maari. Kana asina dzidzo yakanaka chaiyo, kana asina kungwara nekubengenuka sezvaangava, zvino vanomudzinga; haagone kubudirira. Anofanira kuita sei? Kubuda kuno uye onopa hurukuro diki yezvematongerwo, tingati, hurukuro yezvematongerwo echechi, kune boka revanhu, boka revarume nevakadzi vari kufa.

188 O Mwari, titumirei varume vechinyakare, vakakwasharara vasingazive musiyano waA naB, avo vanoziva simba rekumuka kuvakafa kwaIshe Jesu Kristu, vanozoparidza kutendeuka, uye vachitumira varume navakadzi kuaritari, kuti vade Ishe Jesu. [Chibenga chisina chinhu patepi—Mupepeti]

189 Mungava iwoyo. Akapindira maseminari. Akapindira machechi. Akakurura vakadzi vedu mbatya. Asvitsa varume vedu pekuti hauna kana chinhu chaungavaudza. Uye varume nevakadzi, ndinofunga . . .

190 Munoti, "Zvakanaka, vakadzi." Hongu, nemi varume munotendera madzimai enyu kuita izvozvo, zvinoratidza zvawakaumbwa nazvo. Zvingori izvozvo chaizvo. Zvirokwazvo. Zvinonyadzisa. Zvinosiririsa.

191 Zvino tikadzika kumuparidzi. Muparidzi anomira papuratifomu, nhasi, papurupiti yechimanjemanje. Anomira ipapo, nevanhu vake vari pamberi pake, uye oparidza pamusoro pechinhu chese chidiki chekare chiri munyika achisiya

kutendeuka pamwe nechivi, nemuchinjikwa wakakwasharara waKristu. Hongu.

192 Paunoisa chokwadi pachena; vanhu vanouya kuzokunzwa, mushumiro yekuvhangera. Uchiedza kusvika panyaya yacho uye nekuparidza Evhangeri, uye nekuita kuti vanhu vatendeuke uye nekuvagadzirisa. Vanosimuka zvino vobuda panze, ivo, "Havana basa nekuZvinzwa." Kwete, havadaro. Asi, hama, vanofanirwa kuti vatendeuke kana kuti voparara.

193 Madhimoni! Ukaenda kuchikoro; apinda muzvikoro. Tarisai kwese-kwese, munyika yose nhasi. Tarisai pano, imi vanhu, imi maProtestanti. Tarisai, pane zvikoro zvina zvikuru zveKatorike nezvinhu, zvakavakwa nhasi. Sei zvakadaro? Muri kuregedzeka.

194 Hapana chandinopesana neChikatorike, kunyangwe ndisingatendi machiri. Ini ndiri muProtestanti chaiye. Ndizvozvo chaizvo. Vanogona kuratidza kuti hava . . . Haugone kupikisana navo. Vanoti, "Hatina basa nezvinotaurwa neBhaibheri. Tinoziva zvinotaurwa nechechi."

195 Mwari vari muShoko raVo. *Apa* ndipo pana Mwari.

196 Asi mamwe maKatorike, anobatirira kuchechi yavo, vanoita kuti uzvinyarire pachako, semuProtestanti. Dai waingokwanisa bedzi kubatirira kuBhaibheri, sekubatirira kwavanoita kuchechi yavo. Ndizvozvo. Asi, ivo vakarasika. Ndinogona kuzvitaura pasi pesimba raMwari Samasimba, kuti, vakarasika. Zvemazvirokwazvo.

197 Uye imi maProtestanti makarasika, maitiro amuri kuita, nekuti munonyatsoziva zviri nani, uye munozviziva. Zvinogadzira munyengeri kubva mauri. Chokwadi, ndiko kupindirwa nemhandu; machechi achiregedzeka. Uye zvino panzvimbo ye . . .

198 Chechi, ichiedza kuita kuti chechi inge yakanaka, vovaka chechi huru yakadarika, nekuisa zviruvi zvakakura pairi, maziogani mahombe kwazvo emweya, uye kuita kuti zvinhu zvese zviedze kufanana nechechi yeKatorike. Imi hamudi kuita sechechi yeKatorike, kana iri yakatongerwa kuenda mukuparadzwa. Nekuti, iZVANZI NAJEHOVHA, yakatongerwa kuenda mukuparadzwa. Uye imi muri kuitevedzera, muri kuenda pamwe nayo.

199 Asi chatinoda nhasi, haizi chechi huru, chiruvi chikuru, iaritari dzechinyakare apo panopisirwa zvivi, pasi peminamato yakachena inobva kuvarume nevakadzi vanoda Ishe Jesu Kristu. Munozviziva izvozvo. Ndizvozvo zvatinoda. Ndinzwei, shamwari. Ndinzwei. Ndirwo rudo.

200 Nguva yangu yapera. Ini ndinoda kumbotenderera pane izvozvo, apo, chete, ndichachisimudzira, gare-gare zvishoma, kupindirwa nemhandu uku, pakwakasvika

chaipo. Yakapindirwa nemhandu. Rakapindira nyika dzedu. Rakapindira United States.

201 Zvino rangarirai, handina kumbobvira ndakavhota muhupenyu hwangu; munoona, zvino, hachisi chinhu chekudada nacho; dzitori kodzero dzangu nekuva chizvarwa chemuAmerica kana ndichida kuzviita. Asi ndinofunga zvakanyanya nezveshamwari dzangu, kuti ndidziise imomo. Tarisai, ndakavaona vachipinda imomo sevarume vakanaka, vachizobudamo semakoronyera, uye handizvide izvozvo.

202 Ndine chinhu chimwe chete. Ndiri pano kufanokura nzira yeMunhu mumwe chete Anova Munhu wacho wekuti tigosarudza, uye ndiye Jesu Kristu, uye iYe oga. Ndinopa nguva yangu kwaAri. Ndizvozvo. Uye kana ndikakwanisa kuita kuti chechi itwasanudzike, rimwe pasi rose rinozozvionera pachezvaro. Ndizvozvo chaizvo.

203 Asi regai ndikuudzei, apo VaRoosevelt . . . Murume wacho akafa. Regai azorore hake; ndinovimba kuti akazorora. Akapinda, ndokushanda mumatemu matatu kana mana, ndokutora hutongi, hwaingova wehudzvanyiriri hwepakutanga. Ndinogona kukuratidzai pachena, kuti muGwaro, pazvakanzi zvichaitika. Ndizvozvo chaizvo. Hatichisina bumbiro remitemo. Yapwanyika kuita zvidimbu-zvidimbu. Zvinhu zvose zvakasvibiswa. MaRepublicans akangoshata zvimwe chetezvo. Hazvina mutsauko, chimwe kubva kune chimwe.

204 Nekuti, humambo hwese huchaputswa, asi Humambo hwaJesu Kristu huchamira huchitonga nekusingaperi. Ndizvozvo chaizvo. Pana . . . Dhanieri akaona Dombo rakavezwa kubva mumakomo, ndokurova nyika yezvematongerwo enyika kumashure uko ndokuiputsanya kuita upfu hwakakuiwa saizvozvo, segorosi riri paburiro remuzhizha. Asi Dombo iroro rakakura rikava gomo guru rikapararira nepamusoro pede- . . . rikazadza matenga ese nenyika. Ndizvo.

205 Nyika yezvematongerwo enyika yaparara. Nyika yedu hachina mari. Imi murangarire izvozvo, kuti Hama Branham vakataura kuti, ZVANZI NAJEHOVHA. Nyika yedu yaondomotswa. Haichazombomuka. Yaenda, sezvangoita dzimwe nyika dzose. Ndiyo nyika hurusa pasi rose, yakamira nhasi, asi ndiyo mbeu chaiyo yadhiabhore yakadyarwa mumoyo yevanhu; kuti yakasvika sei muHollywood, kuti yakapinda sei muvanhu, uye ndokutanga kune *izvi.* Uye haugone kuvataurira chinhu.

206 Isai Mutungamiriri wenyika kumusoro ikoko uyo achaedza kuvharisa hwisiki, zvino orambidza doro, muone zvinoitika. Anozopfurwa, mumaawa maviri mushure mekunge apindamo. Chokwadi, haakwanise kumira pazviri; nyika yose inopikisana naye. Hongu, changamire. Haugone kuzviita.

207 Yaenda. Yakapindirwa nemhandu, uye mweya wecommunism watora masimba.

208 Endai kuzvikoro zvedu nhasi, muone vana vedu vechikoro. Vana vedu vadiki vanoenda kuchikoro, munotofanira kuziva zvinoitika. Vasikana vadiki zasi uko muzvikoro, nezvimwe zvakadaro, pazera remakore gumi nemana negumi namashanu, amai vavo vakavaendesa kuchikoro, vakaparara pahunhu, mupfungwa, vachiputa mbanje, vakasungwa nembanje, vanosvuta fodya, zvimwe zvose zvakadaro; pazera duku kwazvo, vana vadiki vakadaro. Zvinozova zvakaoma kuwana mhandara pakati pevamwe vavo sezvazvingave kutsvaga tsono muzimurwi rehuswa, ivo vachiwana nguva dzokusasana vakawanda nevakomana, nekuzvambarara pamahombekombe enzizi uko nekumwe kwese.

209 Uye ndinogona kuzviratidza kwamuri pachena, shamwari dzangu. Handaizombozvitaura papurupiti kunze kwekunge ndiri kuziva zvandiri kutaura nezvazvo. Zvezvikoro zviri imo muno mumatunhu edu—edu, imo muno chaimo mumatunhu aya, zvemapfekero emadzimai madiki aya, vasingazive . . . vachiudza anaamai vavo kuti vari kuenda kunzvimbo dzakasiyana-siyana, asi vachinosangana nevakomana uye kunyange nokuita chipfambi mumigwagwa yeLouisville (Chii ichocho?), asi vachiimba mumakwaya.

210 Nekuti, vane kaEvhangeri kekare kezvekugarisana kakamiswa ipapo, apo vaparidzi vanomira vachitaura pamusoro petunhu twusina maturo, netunyaya tudiki twemuBhaibheri, kana zvimwewo zvakadaro, panzvimbo yekuparidza kutendeuka nekuunza varume nevakadzi kuaritari.

211 Baba vake vanopinda husiku vobatidza ndudu yavo, votora girazi redoro, vogara pasi vorinwa. Amai vari kunze, masikati ose, neboka remadzimai vari mune mumwe mutambo wemakasa, rimwe dandaro rakadaro. Ungatarisira sei kuti mwana agove chimwe chinhu?

212 Tarisai, chero nharaunda yaunogara mairi, ndizvo zvauri izvozvo.

213 Ukatora kasikana kadiki, kakomana kadiki, wovaisa kunze uko, wovarega vachigara nemumwe munhu. Ukatora murume, ndinogona kutora mukomana wangu, ndigomusiya ari kunze kwezuva rimwe chete aine mumwe munhu; regai ndipinde, ndinogona kukuudzai kuti anga aina ani. Zvirokwazvo. Tarisai, nharaunda iyoyo, mweya iwoyo unomubata.

214 Ukapinda muchechi, umo vanhu vose zvavo . . . ukapinda mumachechi eMweya Mutsvene, kana—kana machechi ePentekosti, vanoidaidza kudaro. Regai munhu wese ave . . . Oo, vanomhanya vachizunguza misoro yavo mberi neshure, mufundisi akadaro; tarisai chechi yese ichatanga kuitawo zvimwe chete. Regai varume, vanhu, vasimuke uye—uye

nekungoenderera mberi zvakashata, kana zvimwewo zvinhu; tarisa chinhu chacho chese chichiita izvozvo. Pinda munzvimbo iyo mufundisi akanyatsoomarara pamwe nekutonhora; chiona boka rese richizviita. Unouya munharaunda yakadaro.

215 Ukatora murume ane hunhu hwakanaka, womurega achiroora mudzimai wekare asina maturo; hapana nguva refu kusvika iye asisinawo maturo zvakare. Ndizvo zvakaitika kuna Ahabhu. Tora zvimwe chetezvo, kune rumwe rutivi, rega mukadzi mudiki akanaka aroorwe nemurume wekare asina kana maturo; chinhu chekutanga munoziva, ari kuzoita zvimwe chete zviri murume.

216 Ndinokwanisa chaizvo kuenda, mangwanani ano, ndonongedza maoko angu pamisha miduku yakaputsika pamwe nezvinhu zvakadaro, apo vanaamai vadiki vakanaka vanouya kuna baba vanonwa, nezvimwe zvakadaro, uye vofunga kuti vaigona kuita chimwe chinhu naye, uye zvino amai vese nevamwe vese vatove kunwa nekuenderera mberi. Inharaunda yacho.

217 Chii ichocho? Ndidhiyabhore. Ndidhiyabhore, akapinda kuzopamba. Akatsvaira achipinda munyika ino, seshumba inodzvova. Akazvigadza zasi kuno munzvimbo yakanakisisa yavaiva nayo, muHollywood. Akati, "Ndinokwanisa kuva nemafirimu pano kusvikira terevhizheni yauya, ipapo ndichazovabata." Zvino iye ndokugara pasi ikoko.

218 Uye vanhu vechechi, pane kuti vavhare mitambo uye nekurega vana vavo vasingaende ikoko, vanovapa shereni nomusi weSvondo masikati zvino vovatumira zasi ikoko, kuti vave nekamutambo kadiki kekuwadzana kemakasa, pavanenge vari vega uye vachityaira vachitenderera-tenderera. Oh, zvinonyadzisa sei. Iye zvino vanongobatidza terevhizheni uye voona tsvina yose, matakanana akaora ari munyika, pairi. Ndizvozvo chaizvo.

219 Ini handina chandinopesana nacho nefirimu. Ini handina chandinopesana nacho neterevhizheni. Zvinhu zvakaora zviri pairi. Ndizvo zvazviri. Dai wakaichengeta iine hunhu, yaifanira kuzogara iine hunhu.

220 Haukwanise kutengesa bhutsu dzine mabhatani dzechinyakare muguta rino, nhasi, zvachose. Vakadzi havadzide. Vanoda kuti zvigunwe zvibude kunze kwadzo. Vakadzi vese zvavo vari kuzviita. Ndizvozvo chaizvo.

221 Kana waenda kuchechi, haukwanise kuvapa chinamato chekare, nekuti, mumwe mudzimai, haadi, kwete, kuwana chekuita nazvo. Kwete, changamire. "Hazvina kana basa kuti ndiende zasi ikoko. Ndinongotenda, ndizvo chete zviripo kwazviri." Oo, hama, dhiyabhore anotendawo, zvakare. Ndizvozvo. Uchatendeuka kana kuti woparara.

222 Zvino, ndine urombo; kwete, handina. Kwete, handina. Kwete, ndadzora mashoko iwayo. Ndinoda vanhu. Asi ndi—ndi—ndi—ndinokudai zvakanyanyisa zvekusada kukuonai muchiita mawiramombe saizvozvo. Mwari vachitendera, ndichazvitorazve gare-gare muvhiki rino.

223 Zvino, kwamuri imi vana amai vari vana amai, shoko rimwe chete bedzi kwamuri tisati taenda. Mwari vakuropafadzei. Rerai vana venyu zvakanaka.

224 Tichasimudzira kupindirwa memhandu uku; tinofanira kupinda mudzimba nazvino, uye nenzvimbo dzakawanda, zvikoro, uye nedzimwe nzvimbo nayo. Tichaisimudzira.

225 Asi, kupindirwa nemhandu kweUnited States, dhiyabhore akatora hutongi. Musambotya henyu Russia. Russia hainei nechekuita. Tisu tiri kuzviita pachedu, kuora kwedu pachedu pakati pedu chaipo. Ndizvozvo chaizvo.

226 Munoziva here kuti, United States ndiyo ine kurambana kwakawanda kudarika pasi rose? Kurambana kwakawanda; pafungei. Hazvina kuipa here izvozvo? Humai hwakaputswa. Vanaamai havachagari pamba zvachose nevana vavo, sezvavaisimboita. Vanofanirwa kuwanawo basa rekushanda.

227 Pano rimwe zuva, mumwe murume ane girosa muguta rino, aitaura neni nezvazvo. Ava vakadzi vanoshanda mumafekitari everuzhinji aya, vakadzi vechidiki vakaroorwa vane vana vaduku vakati wandei. Vane vachengeti vevana vanochengeta vana vavo. Vanoshanda munzvimbo idzi dzeveruzhinji. Akati, "Paiva nevaviri vavo vaive vakamira ipapo, pavakagumurwa, pamabasa pavo peveruzhinji, vakati, 'Usanetseke. Tinorarama chete, neimwe nzira.'"

228 Oo, nguva yechipfambi yakadaro yasvika. Chokwadi. Dhiyabhore akatovaudza kuti ndivo bhasa wemumba. Vanozviitira mari yavo vega. Vanoita chero zvavada kuita. Zvino iwe zvibvise kubva mavari, kana uchikwanisa.

229 Pane chinhu chimwe chete chinogona kuzviburitsa kubva mavari, ndiyo aritari, pamberi paJesu Kristu, chinamato chechinyakare, chinoyeredza misodzi chinopwanya moyo yavo uye nekuvatsemura kuita zvidimbu-zvidimbu, uye nekuvaita zvavanofanirwa kuva. Ndizvozvo chaizvo.

230 Vanogona kufunga kuti ndinongova kamudhara kekare kasingafunge zvakanaka. Asi zuva rauchange uchifa, hama yangu, hanzvadzi, uchaona kuti ndakakuudza Chokwadi. Ndizvozvo chaizvo.

231 Kwave kuitika, kupindirwa nemhandu, nguva yasvika. Iko zvino, iko zvino, hongu, inguva yesarudzo, zvakare, nguva yesarudzo; kwete yekuuya kuchechi, asi inguva yekusarudza kuti uchashumira Kristu here kana kuti uchagara uchingodziya uri muchechi mako. Uye ndizvozvo.

232 Kune nhengo dzechechi dzakawanda. Kana dzose nhe-. . . kana kuti vanhu vemuAmerica vanozviti Makristu, vakangova Makristu chaiwo, Makristu akazvarwa patsva, hama, tingadai takachengeteka sezvawaizenge uri kuDenga, potse, kubva kuhondo nematambudziko, hongu, changamire, zvirwere zvaizobva panyika, nezvimwe zvose.

233 Hazvingave zvakanaka here kuuya uchidzika nemugwagwa woona panouya mudzimai, nemurume, "Makadiiko, hanzvadzi? Mangwanani akanaka, hama"? Modzika henyu, pasina kana . . . Iwe usina kana chimwe chete chinokunetsa munyika. Zvese zvakangonaka uye zvichitapira. Uye muchinda akauya osvika pakona yemugwagwa; pane kuti aedze kukutsika, anobva amira, oti, "Zvakanaka, hama. Zvakanaka, manga . . . Oh, imi manditangira," munoona, ingopa mumwe mukana . . . Hazvingave zvakanaka here izvozvo? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Tichava nazvo, asi zvichava muMireniyamu, hama. Zuva racho riri kutouya. Ndizvozvo. Saka zvino isu hatisi . . .

234 Ndakamira munharaunda yedu, pano rimwe zuva; hapana chandinopikisana nenharaunda yedu, asi ndinogona kuona vana vedu vadiki. Mudzimai wangu akanga achichema. Mumwe chiremba weguta rino, kasikana kake kaitamba nekasikana kangu kadiki, uye vanodanana; kusvikira vakazoziva kuti zita rake ainzi Branham, uye kuti aive mwana waMufundisi Branham. Ndipo pazvakaperera. Kasikana kadiki hakana kuzokwanisa kutamba nekasikana kangu. "Ini zvangu," ndakafunga, "zvino, zvakanaka."

235 Vamwe vevavakidzani vadiki vakamhanyirako, ndokuti, "Zvino, zvanga zvakanaka." Saka, vakaenda kumufundisi wavo. Musandiudza. Munoziva, ndi—ndine nzira yekuziva nayo zvinhu zvakawanda, munoona. Saka va—vakaenda kumufundisi wavo, zvino ndokuti, "Munoziva, kune murume anogara munharaunda yedu, akanaka kwazvo kuvana vedu." Vakati, "NdiMufundisi Branham. Vanovatora, vovatakura mupikiapu yavo duku, vofamba navo."

236 Akati, "Zvakanaka, uh, *Ahem!* Hatina chatinopesana naMufundisi Branham. Vakanaka, asi, munoona, vanongori mhando yevanhu vakasiyana nezvatiri." Hongu. "Isu, ndi—ndingasva ndati musatombo . . . munoziva, handingati chaizvo . . . Imi taurai navo, uye muve nehushamwari, asi ngazvingogumira ipapo."

237 O, hama! Mudzimai wangu akanga akamira ipapo, achichema. Ndikati, "Mudiwa, uyu mutsara unopatsanura. Kana ndiri ini neimba yangu, tichashumira Ishe."

238 Kunyange nyika yose ichititsaukira; zvakangodaro Jesu Kristu! Kana ndichizofanira hangu kunzi mupengereki, kana ndichifanira kuzorambwa nedzangu ham-. . . vanhu vangu vemunharaunda, nezvimwe zvakadaro, zvisinei

ndichangosarudza Jesu Kristu. Batira paruoko rwaMwari rwusingashanduke. Kana shamwari dzepanyika dzikakusiya, ipapo chitoswedera pedyo wobatirira kwaAri. Batira kwaAri.

239 Mwari, regai ndiparidze sezvandisati ndamboita kumashure. Regai ndiparidzire kuvanhu vari kufa, semunhu ari kufawo, pachangu. Regai ndiparidzire vanhu sekunge handizofi ndakava neimwe mharidzo yekuparidza. Regai ndivanyengetedze kuti vauye kuaritari, zviso zvichiyerera misodzi; vodzokera kumba kunorarama seMakristu, vogara munharaunda mavo. Vomira zvese izvi pano zvekutamba nekumhanya-mhanya, nekusvetuka-svetuka nekuenderera mberi; uye nekuita nenzira *iyi*, uye nekuputika pane *izvi*, nekuenda nenzira *iyo*. Oo, musadaro. Ndidhiyabhore iyeye. Iyo mweya yemadhimoni inouya paMakristu.

240 Rangarirai, vashumiri vaya zasi uko, vaiva vaporofita. Vaiva vaporofita. Vaiva varume vainamata vaipirisa chibayiro. Vaingonamatawo sevadzidzisi vezuva rino, asi, hama, vaive kure kwazvo nekuziva chokwadi.

241 Hauoni here kuti dhiyabhore anonamata zvakadii? Dhiyabhore haasi anopikisa, chinhu chikuru kwazvo chakafanana necommunism, zvose zvinopesana neChikristu. Handizvo. Ndezve, oo, ndizvozvo, zvadhiyabhore, chokwadi, asi handizvo antikristu. Antikristu anonamata zvikuru, anonamata zvikuru. Waive mweya unonamata wakarovera Jesu pamuchinjikwa. Yagara iri nyika yezvinamato, vanhu vanonamata, vanoroverera pamuchinjikwa. Vanhu vanonamata vaipesana naKristu wechokwadi. Vaiva vaporofita vainamata vaipesana naMikaya. Vanhu vanonamata vezuva rino vanopesana neMharidzo yaMwari.

242 Rangarirai, kuti ndakuyambirai. Ndakuudzai. Handisi kutaura zvakanyanya pamusoro peChikatorike, neBaptisti neMethodisti; ndiri kungotaura nezvevanhu vanova vanhu vehutsvene, pane nyaya dzacho dzese. Zvitarisei nhasi, kuti zvambouya sei uye zviri mumutambo. Oo, ini zvangu. Ndaipinda mazviri, pane imwe nguva. Uye moyo wangu wotsemuka mukati mangu.

243 Achimira ipapo nebhanjo rekare, achiridza banjo riya rekare, uye achivheyanisa chitanda chekuridzisa vhayorini tsaru saizvozvo, "Uyu ndiye here mukomana wemombe wekuTexas anonzi *Nhingi-nhingi*?" Handina chandinopesana nemurume uyu; asi izvozvo ndezvekunze uko munyika kunze uko. Ndizvozvo chaizvo. Ndingasva ndamira, hama, ndisina kana chinhu, chisina, kana chinhu zvacho, asi kungomira ndosimudza maoko angu ndoti, "Jesu, ndichengetei pedyo nemuchinjikwa." Hongu, changamire.

Muchinjikwa wakatsveneswa ndichatakura,
Kusvikira rufu rwandisunungura,
Ndobva ndaenda Kumusha kunopfeka korona,
Nekuti kune korona yangu.

244 Kunemi vanaamai vadiki pano mangwanani ano, vanga vari vanaamai chaivo vechokwadi, uye ndinoziva kuti pane vazhinji venyu; ndinofunga kuti, mumwe nemumwe wenyu. Regai ndikuudzei chimwe chinhu. Mwari vakuropafadzei. Muri Evhangeri yechishanu, ndinofunga kudaro. Regai ndikuudzei zvazviri zvino kuitira vana venyu, chingori chinhu chidiki. Nekuti, Hama Neville pamwe vachaparidza pane. . . pamusoro paamai manheru anhasi, kana chero zvavo, mumwe wedu anoparidza, zvakanaka, pamusoro paamai. Asi, teererai, regai ndikubvunzei chimwe chinhu.

245 Munorangarira, Mosesi paaiva kakomana kadiki, ndiamai vakamupa rairo yake. Vaive amai vane humwari vakatora Moses mudiki pamabvi avo, uye vakati, "Mosesi," vakamudzidzisa zvese. Baba vaive mudzidzisi wake, kana kuti, amai vaive mudzidzisi wake, waro, pasi paFarao, ndokuti, "Zvino, zvinhu izvi," vakati, "Mosesi, rimwe zuva uchadzikinura vana veIsraeri. Iwe ndiwe mukomana akadanwa. Zvichengete wakachena uye usina gwapa remunyika, nekuti ndiwe wacho. Iwe ndiwe wacho."

246 Hapana imwe nzvimbo yatinoziva, yaakamboenda kune chero seminari zvayo, chero dzidziso ipi zvayo zvachose, yaakambowana. Akagara mumuzinda waFarao chaimo, uyo aiva muhedheni; asi mai vake vakamudzidzisa. Ndivo amai chaivo. Vakamudzidzisa mirairo yaShe. Vakamuudza kuti anofanira kuva mutsvene zvakadini. Vakamuudza kuti aifanira kurarama sei uye nezvaaifanira kurarama, uye kuti, izvo zvaifanira kuitwa naMwari, vaizomuitira. Uye zvakagara muna Mosesi mazuva ese ehupenyu hwake.

247 Uye chero amai vakanaka, vechokwadi, vakavimbika vanotora vana vavo vadiki, pane kuvatumira kumabhaisikopo nemadhanzi, nezvimwe zvakadaro, zvino vanovagarisa pamakumbo avo vovadzidzisa nezvaIshe Jesu Kristu.

248 Pano rimwe zuva, ndaitaura nevamwe amai parunhare. Zvino amai ava ndokuti, "Oo, Hama Billy," vakati, "mukomana wangu anonzwisa urombo apinda panyatwa." Vakati, "Oo, inyatwa chaiyo yaapinda mairi."

249 Ndikati, "Hongu, ndinoziva nezvazvo, hanzvadzi, mudikani." Ivo ndokuti, "Anogona kunge akakanganisa. Handizive hangu." Ndokuti, "Mumwe anoti *ichi* mumwe achiti *icho*. Handizive. Asi," vakati, "zvisinei nekuti akakanganisa kana kuti akarurama, ndinomuda." Hezvoka izvo, "Ndinomuda."

250 Iye akati kuna mai vake, akati, "Ndakanyengerwa kwazvo ne*izvi* ne*zvozvo*." Akati, "Amai, ndinotenda kuti ndimi potse mega mudiwa wepawoyo wandinaye; mudzimai akatendeka kwandiri, uye anonamatira kwandiri." Ndirwo rudo rwaamai. Ndivo amai chaivo vanombundira mwana wavo. Zvisinei nekuti akarurama here kana kuti haana kururama, vanoenderera mberi zvakadaro. Uye kana Mwari . . . Kana amai vachigona kufunga zvakadaro nezvemwana wavo, ko Mwari vachafunga zvinodarika zvakadii nezvevaVo. Muri kuona? Imi nyatsogarai naVo. Fambai zvakanaka.

251 Uye zvino regai ndikuudzei vamwe amai, nekukasika, muBhaibheri, tisati tavhara. Paiva naamai vainzi Herodhia. Akadzidzisa mwanasikana wake kutamba kamwe kadhanzi. Aida kuti ave nemukurumbira. Zvino akatamba pamberi pamambo, ndokukumbira musoro waJohane Mubhabhatidzi. Tine zvakanyorwa nezvevana makumi manomwe vevana vake, musikana uyu akatamba pamberi (mukunda waHerodhiasi), akatamba pamberi paHerodhi; makumi manomwe evana vake, vakafa vari zvipfeve kana kuti vakaurairwa pamatanda.

252 Vamwe amai vakadzidzisa wavo zvinhu zvemunyika; vamwe amai vakadzidzisa wavo zvinhu zvaMwari. Mumwe akava mutungamiriri mukuru nemukundi, haafe atori pakati pevanhu nhasi; uye mumwe wacho akashata zvikuru uye ari mugehena, uye akatora zviuru zvakapetwa zviuru pamwe naye. Maona zvandiri kureva? "Kudza mwana ari munzira yaanofanira kufamba nayo."

253 Uye zvirokwazvo ndinokunzwirai tsitsi imi vanaamai vanozwisa urombo vagere pano makapfeka marozi enyu machena. Kune Kudenga uko kwakaendwa nevamwe amai, nhasi uno, uko amai vakanaka vechinyakare vairaramira Mwari, zvichida vakatungamira mberi kwechidzitiro. Vakakumirirai kuti muuye. Ndizvozvo chaizvo.

254 Ndinokuremekedzai uye nekukukudzai imi ipapo nemaruva enyu matsvuku amakapfeka. Mai vako, kana uchida kuvaitira chimwe chinhu, chiite mazuva mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu pagore rega-rega. Enda kumba kwavo unovanamatira, uye woraramira Mwari. Ndicho chinhu chekuita. Uye ugorera vana vako. Uye kana vana vako vakura, vanozokudaidza kuti "wakaropafadzwa," mushure mekunge mapfuurira mberi kwechidzitiro. Ndiwo mweya chaiwo wehumai, mweya chaiwo wezuva raamai. Zuva raamai mazuva mazana matatu nemakumi matanhatu nemashanu pagore.

255 Rino ndiro zuva ravanotengesa maruva nekupa zvipo, pasi rose rinodaro. Kana rikapfuura, kana nyika ikamira kwemamwe makore makumi maviri, vachave nemazuva evanakomana, mazuva evanasikana, uye, mazuva ehama, nemazuva ababamunini, nezvimwe zvose zvinhu

zvakadaro, zvakangokwana kupinza nyika mukunakidza kwezvekutengeserana. Ndiko kwairi kungoenda, mugehena chaimo, nekukwanisa kwese kwaingagona kuenda, kunoparadzwa.

Asi, imi, Mwari vakuropafadzei, ndiwo munamato wangu. Ngatinamatei.

256 Baba vedu Vekudenga vane mutsa, tichitarisa kumashure, mangwanani ano, nepfungwa dzedu, seri uko, mamwe mazana emakore akapfuura, paye pakamira Jehoshafati amire ipapo parutivi rwaMambo Ahabhu. Zvino kaMweya kadiki zasi mumoyo make, kakasara kaMwari, kunyangwe akange akanganisa, kakamuudza, ndokuti, "Izvi zvakaipa izvi. Izvi zvakaipa izvi. Hazvina kuchena. Hazvina hutsvene. Muporofita akanga ati zvinhu izvi hazvaigona kuenderera mberi zvakadaro." Zvino Moto uya muduku waMwari wakamumutsa.

257 Uye Makava nemumwe munhu akapindura Moto mudiki uyu, aiva Mikaya, muporofita wechokwadi waMwari. Kunyangwe aigona kunge akauyapo akapfeka mamvemve, kunyangwe aigona kunge akauyapo akazvidzika, uye vose vakamutarisa seboka remhumhi rakatarisa gwayana. Asi akataura chokwadi, kunyangwe akazorohwa hake kumeso, kunyangwe zvazvo akakandwa mutorongo ndokupihwa chokudya chechingwa nemvura zvokusuwa. Asi, zvakadaro, mashoko aakataura akaitika, nekuti iMi maiva naye.

258 Mwari, zviitei, nhasi, uye tinotarisa zasi muBhaibheri iri. Tinotarisa pamabhuku echechi, mirairo ine gumi, nezvimwe zvakadaro, zvemachechi, zvitevedzwa zvetsika, nekuona kuti vanoita sei *ichi, icho,* kana *chimwewo*. Asi ngatitarisei muShoko rino rechokwadi riri pano, uye tione zvaRinotaura: "Pasina hutsvene, hakuna munhu achaona Ishe. Teverai rugare nehutsvene, zvekuti, pasina izvozvo, hakuna munhu achaona Ishe. Uyo anoda nyika, kana zvinhu zvemunyika, rudo rwaMwari harwuzi maari."

259 "Nemazuva ekupedzisira nguva dzine njodzi dzichasvika. Vanhu vachava vanozvida, vanozvikudza, vanozvitutumadza." Oo, zvinhu zvikuru izvo, Ishe, zviri kuitika. "Vane misoro mikukutu, vanokarira zviri pamusoro, vanoda mafaro kudarika kuda kwavanoita Mwari; vachidzidzisa vanhu zvirevo zve—zvevanhu panzvimbo yemirairo yaMwari; vaine chimiro chehumwari, asi vachiramba simba reMweya Mutsvene" kuita kuti munhu azadzwe neMweya, womuita kuti afare, nekuita kuti misodzi iyerere kubva mumaziso ake, uchimuita kuti aende kunonamatira vanorwara, kumuita kuti ataure nendimi nekudzidudzira, kumuita kuti aporofite. Mweya waMwari, Mwari mupenyu, vakangoUisa mune imwe kirabhu kana zvimwe zvakadaro, "Vaine chimiro chekunamata, asi vachiramba Simba racho."

260 O Mwari, dai ungano diki iyi, pazuva rino, yamuka nekukasika, iko zvino, nguva yekupedzisira isati yasvika, uye yozotibata tiri muchinhano ichi. Dai tikava, tinozvivandudza pachedu, sezvakataura Bhaibheri, "Simuka uzvizunze pachako. Uye ugokumbira nzira yakare, inova nzira yakanaka, uye kana waiwana, ugofamba mairi." Mwari, itaiwo kuti tiwane nzira yakare yakakwasharara, patinogona kumira pamwe chete zvakare, semazana, uye tobatana maoko edu pamwe chete nekuimba.

Ndichatora nzira pamwe nevashoma vaShe
vanozvidzwa.
Ndatotanga munaJesu uye ndiri kupfuurira
mberi.

Mwari, tibatsirei kuti tirarame saizvozvo uye tive izvozvo.

261 Ropafadzai vana amai vose ava vagere pano, Ishe; vachiziva kuti ndivana amai, ivo pachavo, vane marozi machena akanamirwa pamabhachi avo, mangwanani ano, serangaridzo yaamai vanodikanwa vekare vakapfuura mberi kwezvepanyika pano. O Tenzi weHupenyu, varopafadzei, Ishe. Uye dai varopafadzwawo, zvakare, uye dai ndangariro dzevana vavo dzive sezviri dzavo kuna amai vavo, kana vari vakaenda mberi kwechidzitiro, Kudenga rakabwinyiswa. Zviitei, Ishe.

262 Uye mamwe mangwanani apo hupenyu hwava kudzima kubva mutsinga dzedu, uye mweya wedu wekufema wave kutadza kuuya kwatiri, chidzitiro chichavhurika shure; vachauya zasi, zvichida, kumagumo eJorodhani, kuzotibatsira kuyambuka. Oo, pazuva riye rinobwinya patichatsika netsoka dzedu mhiri uko, uko kuchazenge kusina . . . Mhepo haizosvibiswi nehutsi hwefodya. Hakuzombovi nechidhakwa mumugwagwa. Hakuchazombova nechipfeve. Hakuchazombova nechivi. Hakuchazombovi nechinhu chakadaro. Asi, mukubwinya kwekusingapere, tichagara murugare naIshe wedu Jesu Kristu uye nevana vedu. Uye, oo, izuva rakanakisa zvakadini.

263 O Baba, apo rima guru richiripo kudai, kurwisana, uye dhiabhore achipindira dzinyika, nekupindira mapurupiti, kupindira machechi, kupindira vanhu, kupindira mabhizimisi, kupindira maguta, nezvikoro nemisha; O Mwari, tibatsirei kuti tigomira, tigovhomora munondo nekukurumidza uye tirwire Mwari, sezvakaitwa naMosesi neva—neVarevhi zasi uko pakapinda chivi mumusasa. Tibatsireiwo, Ishe.

264 Tiregerereiwo zvino, mugotiropafadza. Uye tichengetei takazvininipisa, tiputsei, Ishe. O Mwari, iMi makati, "Uyo anobuda, achikusha aine misodzi, zvirokwazvo achadzoka zvakare, ane mufaro, achiunza zvisote pamwe naye." O Mwari, tipwanyei kuita zvidimbu-zvidimbu. Tiumbei, patsva, Ishe. Tiri kutsauka zvakanyanyisa kubva munzira.

265 Ini, pachangu, Ishe, ndiri kusvika panzvimbo yekufunga kuti vangani vachapinda mumusangano wangu. O Mwari, ndinoda kuti iMi muvepo. Uyai, Ishe! O Kristu, uyai Ishe! Ndipwanyei; mugondiumbazve. O Ishe, musatendere, musambondirega ndichiisa zvinhu izvozvo mupfungwa dzangu. Mwari, zvichengetei kure neni.

266 Ndibatsireiwo, Ishe, kuparidza, sezvandambotaura, nguva yapfuura, semunhu ari kufa kuvanhu vari kufa, tichiziva kuti tose tinofanira kutarisana neZiyendanakuenda. Tinofanira kumira pamberi peNyu; apo paMunenge musisiri muchinhanho cheNyu chinofadza, paMunenge musina tsitsi, paMuchamira musina tsitsi; pamunenge Mamira, makatsamwa, kuti mugounza kutongwa pamusoro pemarudzi uye nevanhu vakaramba uye nekusagamuchira rudo rweMwana weNyu.

267 Mwari, ndiwanireiwo tsitsi naYe nhasi, kuti muZuva iroro ndigogona kumira ndine chokwadi. Ndingafanira kuti ndicheme zvino, asi Muchaipukuta, kuva mufaro, panguva iyoyo, paMuchati, “Pinda mumufaro waShe, wawakagadzirirwa iwe kubva pakuvambwa kwenyika.” Mwari, ivai nesu zvino, uye mugotibatsira, tinonamata, muZita raJesu. Ameni.

Kupindirwa Nemhandu Kwe United States SHO54-0509
(The Invasion Of The United States)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu paZuva raAmai, Svondo mangwanani, Chivabvu 9, 1954, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org